ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№129 (24.723) • 2024 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 26, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

# Зыхуэсакъыпхъэхэм гулъытэ хуащI

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Терророрым пэщIэтынымкIэ комиссэм и зэIущIэ иригъэкIуэкIащ**.

ЗЭХУЭСЫМ и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, УФ-м и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и аппаратым и инспектор **Васильченкэ Дмитрий** сымэ, муниципалитетхэм, дзэ, хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм, кIэлъыплъакIуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэр.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ къалэ округхэмрэ районхэмрэ терророрым пэщIэтынымкIэ щылажьэ комиссэхэм зэманым къахуигъэув къалэнхэм, гулъытэ зыхуэщIыпхъэхэм. ЩIалэгъуалэр экстремизмэм хэпщIа мыхъун папщIэ, егъэкIуэкIыпхъэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэми и гугъу ящIащ, студентхэмрэ школакIуэхэмрэ нэхъ тегъэщIауэ лэжьыпхъэр ягъэнаIуэу. Мы Iуэхум набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъыну я къалэнщ комиссэхэм хэт дэтхэнэ зыми, псом хуэмыдэу район унафэщIхэм. КъинэмыщIауэ, зэIущIэм щытепсэлъыхьащ республикэм ит IуэхущIапIэхэр терророрым щыхъума хъун хуэдэу, зыхуэныкъуэ псомкIи къызэгъэпэщын зэрыхуейм.



# Лъэныкъуэ куэдкIэ зеужь

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIащ Солдатскэ станицэм. Абы зригъэлъэгъуащ илъэс 60 ипэ яухуа курыт еджапIэм щекIуэкI зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэр. Школым и хъуреягъыр зэIузэпэщ ящIын зэрыхуейм тепсэлъыхьащ район Iэтащхьэ Журавлев Андрейрэ республикэ Iэтащхьэмрэ**.

ЕДЖАПIЭМ и унащхьэр зэрыщыту зэрахъуэкIащ, щIыб блынхэр ялащ, псы, газ зэрыкIуэ бжьамийхэр яхъуэжащ, бжэ-щхьэгъубжэхэр щIэуэ халъхьэри, лъэгуи ирадзыжащ. Абы унэлъащIэхэр щIагъэувэнущ, техникэкIэ къызэрагъэпэщынущ 2025 гъэм ирихьэлIэу. Школым еджакIуэ 640-рэ щIохуэ.

Къуажэхэр зыхуей хуэгъэзэным епха программэмкIэ нэхъапэм цIыкIуи 140-рэ зыщIэхуэ сабий гъэсапIэ щаухуащ Солдатскэм, апхуэдэуи Гъуазджэхэмк1э сабий школыр къагъэщIэрэщIэжащ. ДяпэкIэ я мурадщ цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ щыхуащIэ нэгъуэщI IуэхущIапIэхэр зыхуей хуагъэзэжыну.

Прохладнэ щIыналъэм и Ново-Полтавскэ, Благовещенкэ, Екатериноградскэ жылэхэм дэт школхэр зэрагъэпэщыжащ, Прималкинскэм еджапIэщIэ щаухуэ, Красносельскэм и школыщIэм и бжэхэр мыгувэу къызэIуихынущ.

Узыншагъэр хъумэн IэнатIэм зэрызрагъэужь программэм тету, район сымаджэщым и поликлиникэр мы гъэм и кIэ хъуху зыхуей хуагъэзэжынущ. Ар 1956 гъэм зэраухуэрэ зэи лэжьыгъэ щрагъэкIуэкIатэкъым, зыхуей хуэгъэзэным теухуауэ. Апхуэдэуи Красносельскэм амбулаторэщIэ дащIыхь.

Районым гулъытэшхуэ щыхуащI жылагъуэ зэхуэсыпIэхэмрэ гъуэгухэмрэ, псом хуэмыдэу IуэхущIапIэхэм екIуалIэхэм. Нэгъабэ зэрагъэпэщыжауэщытащ Прохладнэ-Лесное - Солдатскэ, Солдатскэ - Къэрэгъэш - Грабовец гъуэгу Iыхьэхэр, ахэр километри 4 мэхъу, мы гъэм Брянцевым и цIэр зезыхьэмрэ Пролетарскэ уэрамымрэ ящIынущ. «ГъуэгуфI шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектыр зэрырагъэжьэрэ Прохладнэ районым и гъуэгу километр 20 зэрагъэпэщыжащ.

# Гъуэныбэ Iэуес дуней псом тIэуней щытокIуэ



**Албанием и къалащхьэ Тиранэ къикIыу хъыбар гуапэ иджыблагъэ къытIэрыхьащ. Алыдж-урым бэнэкIэмкIэ пашэныгъэр къэхьыным теухуауэ абы щекIуэкIа дунейпсо зэхьэзэхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакIуэ Гъуэныбэ Iэуес япэ увыпIэр щиубыдащ**.

УРЫСЕЙ Федерацэм и командэ къыхэхам хэту килограмм 87-рэ зи хьэлъагъхэм я деж щыбанэ ди щIалэр зэпеуэм и кIэух зэIущIэм щыхуэзащ Нидерландым щыщ Стеркенбург Марсель икIи и IэзагъкIэ фIыуэ ефIэкIыу дыщэ медалыр абы къыфIихьащ. Апхуэдэ щIыкIэкIи, зи ныбжьыр илъэс 23-м щIимыгъуахэм я зэпеуэу иужьрей илъэситIым екIуэкIам Гъуэныбэр зэкIэлъыпыту тIэуней щытекIуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек гулъытэншэу къигъэнакъым ди щIалэм и ехъулIэныгъэр: «Сохъуэхъу Гъуэныбэ Iэуесрэ ар зи гъэсэнхэмрэ, текIуэныгъэщIэхэмрэ зэфIэкI инхэмрэ спортым щаIэну си гуапэщ», - щитхащ езым и телеграм-каналым республикэм и лIыщхьэм.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег**.

# Фондым лэжьыгъэр ирегъэкIуэкI

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ «Хэкум и хъумакIуэхэр» Къэрал фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр IуэхущIапIэм и тхьэмадэ Дадэ МуIэедрэ лэжьыгъэ IуэхукIэ зэхуэзащ**.

«ФОНДЫР дзэ Iуэху хэхам щыIэ щIалэхэм, абыхэм я унагъуэхэм, ветеранхэм защIэгъэкъуэным толажьэ. ИкIи быдэу ядолажьэ муниципальнэ щIыналъэхэм, министерствэхэм, дзэ комиссариатхэм, Урысейм и МВД-м, МФЦ-м, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ центрым, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм.

Фондым и къалэнхэм ящыщщ медицинэ и лъэныкъуэкIэ дэIэпыкъуныгъэ къызэгъэпэщынри. Мы гъэм и мэлыжьыхьым щыщIэдзауэ дзэ Iуэхум хэта ветеранхэм я узыншагъэр къапщытэ, узыфэ гуэр зыпкърытхэм йоIэзэ, республикэ, федеральнэ сымаджэщхэм щIагъэгъуалъхьэри, я узыншагъэр щызэфIагъэувэж.

Фондыр ди республикэм къызэрыщызэIуахрэ СВО-м хэта цIыху 14700-м зэрызыкъыхуагъэзахэм хэплъащ лэжьакIуэхэр, абыхэм ящыщу 14000-м я Iуэхур хузэфIагъэкIащ, адрейхэм иджыри иужь итщ. ЦIыхухэр нэхъыбэу зыщIэупщIэр социальнэ дэIэпыкъуныгъэхэр къызэрызэрагъэпэщын хуей щIыкIэрщ, дзэ Iуэхум хэта ветераным дэфтэр къызэрыдихынурщ, къратыпхъэ ахъшэр къаIэрыхьэжа зэрыхъунурщ. КъинэмыщIауэ, еджэну, IэнатIэ зэзыгъэгъуэтыну, зи псэупIэр зэзыгъэпэщыжыну хуейхэми зыкъыхуагъазэ.

«Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым гулъытэ хэха хуещI щIалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэнымрэ тхыдэм и пэжыр хъумэнымрэ. Ди щIалэхэр - ветеранхэмрэ дзэ Iуэху хэхам къикIыжахэмрэ - школхэм, колледжхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм кIуэурэ щIэблэм йопсалъэ, я упщIэхэм жэуап ират, Урысей армэм хэтхэм я лIыхъужьыгъэхэр хуаIуатэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щылажьэ къудамэм и Iуэху зехьэкIэр мызэ-мытIэу къилъытащ Къэрал фондым и Центральнэ аппаратым. ДяпэкIи а Iуэху щIэкIэм зэрызедгъэужьынум шэч хэлъкъым, - щетх КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым.

## «Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

**2025 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым щIидзащ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.**

**Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:**

**унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 1081-рэ кIэпIейкIэ 56-рэ;**

**фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 987-рэ кIэпIейкIэ 54-рэ.**

Ди индексыр П5894




# «Урысейр Iэмалыр щыкуэд къэралщ»

**Налшык, Щэнхабзэм зегъэужьынымкIэ центрым, щекIуэкIащ «Урысейр Iэмалыр щыкуэд къэралщ» президент платформэм и проектхэмрэ зэпеуэхэмрэ хэтхэм я зэхуэс.**

«УРЫСЕЙР Iэмалыр щыкуэд къэралщ» Iуэхур ди къэралым и Президент Путин Владимир и унафэкIэ иригъэжьащ 2018 гъэм накъыгъэм и 22-м. ИкIи абы къалэнышхуэу иIэщ Урысейм и къэкIуэнум телэжьэныр, къэралым зегъэужьыным теухуауэ Iэмалу щыIэр игъэбелджылыныр. Мы платформэр сэбэпщ къэралым и цIыху куэд дыдэм я дежкIэ. Псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм гъуэгу яхуохъу мыр: заужьынымкIи, я щIэныгъэм хагъэхъуэнымкIи, я гупсысэхэр къагъэлъагъуэу зрагъэсэнымкIи, лэжьыгъэ яIэнымкIи. Курыт еджапIэм щIэсхэр, студентхэр, аспирантхэр, IэщIагъэлIхэр, нэгъуэщI куэди зэрешалIэ Iуэхум. Проектышхуэр къызэрыунэхурэ абы хэтащ цIыху мелуан 20-м щIигъу. И къалэм, щIыналъэм, къэралым зегъэужьыным зи проектхэр хуэгъэпса куэд хэтщ платформэм. Абыи мыхьэнэшхуэ иIэщ.

«Урысейр Iэмалыр щыкуэд къэралщ» проектым къызэщIиубыдэхэм я зэхуэс ирагъэкIуэкIыу щIадзащ мы гъэм. ИкIи хабзэ дахэу ягъэувынущ ар илъэс къэс зэхашэныр. Зэхуэсхэр щекIуэкIащ щIыналъэ 12-м: Архангельск, Иркутск, Кемеровскэ, Вологодскэ, Омскэ, Томскэ, Амурскэ, Тамбовскэ областхэм, Тэтэрстаным, Башкортостаным, Приморскэ, Забайкальскэ крайхэм.

Иджы чэзур къылъысащ Къэбэрдей-Балъкъэрым. Зэхуэсым хэтащ «Урысейр Iэмалыр щыкуэд къэралщ» платформэр зи нэIэ щIэтхэмрэ и IэщIагъэлIхэмрэ, ди республикэм и министрхэр, еджакIуэхэр, егъэджакIуэхэр, зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм зыкъыщызыгъэлъэгъуа студентхэр, IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэ зэхуэмыдэхэм хэтхэр. Зэхуэсыр егъэкIуэкIыныр къызэригъэпэщащ «Корпоративный университет «Эльбрус» автономнэ IуэхущIапIэм.

Псалъэ гуапэкIэ Iуэхум хэтхэм захуигъэзащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор.

- Нобэ мы пэшым щызэхуэса псоми ди зэфIэкIхэмрэ гурылъхэмрэ зыхуэунэтIар зы Iуэхугъуэшхуэщ - ди къэралым и къэкIуэнум теухуарщ. А къэкIуэнум ди еплъыкIэрэ ди гуащIэрэ хэтлъхьэу дэ езыми зыдужьын хуейщ. Мыбы къекIуэлIа щIалэгъуалэр щIэныгъэ зэрагъэгъуэтын, гъащIэм къащыхуэсэбэпын, ямыужэгъун IэщIагъэ пэрыувэн хуейщ. Ар зэбгъэхъулIэн папщIэ ущхьэх хъунукъым. Зэпеуэхэм, семинархэм, щIэныгъэ зэIущIэхэм, конференцхэм жыджэру хэтыпхъэщ. Си фIэщ мэхъу ди щIалэгъуалэ дахэм платформэм къарит Iэмалхэр нэсу къагъэсэбэпыну, жыджэру Iуэхум хэтыну.

ФIыщIэ ин яхузощI ди хьэщIэхэм, мы лэжьыгъэр ди республикэм щагъэзэщIэну къеблэгъахэм. Ди щIалэгъуалэм гулъытэ къызэрыхуэфщIыр егъэлеяуэ ди гуапэщ, - жиIащ министрым.

- Япэрауэ, фIыщIэ яхузощI мы Iуэхугъуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкIуэкIыну къеблэгъа ди хьэщIэхэм. Ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Парламентым Зэрызыхуигъэзам къызэрыхигъэщащи, тхузэфIэкIа псори дяпэкIэ къыдэхъулIэнухэри нэсу къыщытхуэгъэсэбэпынур зэгурыIуэ ди яку дэлъмэщ. Сэри сохъуахъуэ зэгурыIуэ диIэну, апщIондэхукIи дефIэкIуэну, - жиIащ КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министр КIурашын Анзор.

- Нобэ мы Iуэхум кърихьэлIахэр щыгъуазэщ президент платформэм къыдит Iэмалхэр зэрыиным. Мыр къызэрежьэ лъандэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу хэтыну хунэсащ цIыху мин 84-м щIигъу. Ахэр я къарурэ зэфIэкIрэ щеплъыжащ «Лидеры России», «Твой ход», «Большая перемена», «Мастера гостеприимства», нэгъуэщI Iуэхугъуэшхуэхэми.

ДяпэкIи дытелэжьэнущ ди щIалэгъуалэм ехъулIэныгъэ яIэным, ахэр я гупсысэхэр къыщагъэлъэгъуэфын утыкухэм ишэным, республикэм, къэралым и пщIэр зыIэтын куэд къахэкIыным. Ди министерствэр дэIэпыкъунущ мурад дахэ зиIэ щIалэгъуалэм. Ахэр къыхуезджэну сыхуейщ мы Iуэхум жыджэру хэтыну, нобэрей махуэм къахуэщхьэпэн куэд къызэрыхахынум и ужь итыну, - жиIащ КъБР-м щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и министр Лу Азэмэт.

Зэхуэсым къыщыпсэлъащ «Урысейр Iэмалыр щыкуэд къэралщ» президент платформэм и генеральнэ унафэщIым и къуэдзэ Гужеля Дмитрий. Абы жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр фIыуэ зэрилъагъур, абы и щIыпIэ дахэхэми щыпсэухэми зэратхьэкъур, къызытекIухьами къытеувыIащ.

- Сыщогугъ нобэ едгъэкIуэкIыну Iуэхухэр сэбэп фхуэхъуну, гъащIэми, еджэныгъэми, лэжьыгъэми къыщыфхуэщхьэпэн гупсысэхэр щызэхэфхыну. Абы хэту екIуэкIыну дерсхэмрэ лекцэхэмрэ проектыщIэхэм дыщыфхутепсэлъыхьынущ, дызэлэжьхэр щапхъэхэмкIэ къэдгъэлъэгъуэнущ, проектхэр зэрыбгъэзащIэ хъуну Iэмалхэм я гугъу тщIынущ. Сыхуейщ дэтхэнэми мы Iуэхум езым и псэм пэгъунэгъу гуэр къыхихыну. Сыту жыпIэмэ, щIалэгъуалэм куэдкIэ фэлъытащ Урысейм и къэкIуэнур. Дэ дыхуейщ къэрал лъэщ, - жиIащ къэпсэлъам.

Лекцэхэр екIуэкIащ: «Медиа», «Лъэпкъ зэпыщIэныгъэ», «Туризм», «Егъэджэныгъэ», «Студент самоуправленэ» жыхуиIэхэм ятеухуауэ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



# Къапэщыт къалэнхэм трагъащIэу

**КъБР-м щыIэ МВД-м щекIуэкIащ дызэрыт илъэсым и мазибгъум я лэжьыгъэм кърикIуахэр къыщызэщIакъуэжа, адэкIэ къапэщылъхэр щаубзыхуа зэIущIэ. Ар иригъэкIуэкIащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ полицэм и полковник Мамхэгъ Назир.**

ЗЭIУЩIЭР Iуэху гуапэкIэ зэхаублащ. Зи къалэнхэр хьэлэлу езыхьэкI, зриплъэж мазибгъум лэжьыгъэм ехъулIэныгъэхэр щызыIэрызыгъэхьа хабзэхъумэхэм иратащ ведомствэм и щIыхь, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэм къыбгъэдэкI фIыщIэ тхылъхэр.

Зриплъэж пIалъэм я лэжьыгъэр зыхуэдамрэ адэкIэ гулъытэ нэхъ зыхуэщIыпхъэхэмрэ теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м щыIэ МВД-м и Штабым и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ, къэрал кIуэцI къулыкъум и майор Жолаев Замир.

Абы къыхигъэщащ министерствэмрэ Урысей МВД-м и щIыналъэ органхэмрэ районхэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэм и фIыгъэкIэ цIыхухэмрэ абыхэм я мылъкумрэ ехьэлIауэ, апхуэдэуи уэрамхэмрэ цIыху зэхуэсыпIэхэмрэ щалэжь хабзэншагъэхэм зыхэпщIэу зэракIэрыхуар.

ИрагъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуауэ къэпсэлъахэщ Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм Уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и управленэм и унафэщI полицэм и полковник Хапаев Далхат, КъБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м и управленэм и унафэщI полицэм и полковник Бэджыдэ Юрий, жылагъуэ хабзэр хъумэныр къызэгъэпэщынымрэ гъэзэщIакIуэ властымрэ щIыпIэ управленэмрэ ядэлэжьэнымкIэ къудамэм и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Лыджыдэ Рэмэзан сымэ.

Зытепсэлъыхьахэм теухуауэ я Iуэху еплъыкIэр къагъэлъэгъуащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэм и къуэдзэхэу полицэм и полковник Бахъуэ Аслъэнрэ къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник Кузнецов Константинрэ.

ЗэIущIэм щагъэбелджылащ къалэн нэхъыщхьэхэр. Полицэм и полковник Мамхэгъ Назир къаIэта Iуэхухэр гъэзэщIэныр пщэрылъ ящищIащ абыкIэ жэуап зыхь унафэщIхэм.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**



# Мазэм и кIэух щэбэтым

**Урысейм и Социальнэ фондым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм 2024 гъэм гъатхэпэм щIидзауэ цIыхухэм щахуозэ, лэжьэгъуэ махуэхэм къадэкIуэу, мазэм и кIэух щэбэт къэс. Жэпуэгъуэм ар и 26-м техуащ.**

А МАХУЭМ цIыхухэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ Iуэхутхьэбзэхэр къыщыхуащIэнущ Урысейм и Социальнэ фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм и район къудамэхэм, Налшык, Бахъсэн къалэхэм. Ар екIуэкIынущ сыхьэти 9-м щыщIэдзауэ сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 45-м къриубыдэу.

Апхуэдэ махуэм къекIуалIэхэр нэхъыбэу зыщIэупщIэр пенсэр зэраIэрыхьэ щIыкIэр хъуэжыныращ, пенсэм ехьэлIауэ зэхуахьэсар къратыжыныращ, нэхъ пасэу пенсэм кIуэныр зэгъэпэщыныращ. КъинэмыщIауэ, цIыхухэм зыкъыхуагъазэ я лицевой счетхэр къэгъэщIэрэщIэжыным, къэрал Iуэхутхьэбзэхэр порталым зыщегъэтхынымрэ сабийхэр щапI унагъуэхэм защIэгъэкъуэнымрэ теухуауэ.

- ЩIыналъэм щыпсэухэу лэжьапIэ Iутхэм я дежкIэ тыншщ мыпхуэдэ бгъэдыхьэкIэр, я зыгъэпсэхугъуэ махуэм зыкъытхуагъазэу фондым и Iуэхутхьэбзэ псори зыIэрагъэхьэфынущи, - жиIащ Урысейм и Социальнэ фондым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и унафэщI Бакъ Николай.

ЦIыхухэм щаIущIэ IэнатIэхэр зэрылажьэр къэфщIэфынущ мы телефонымкIэ: 8-800-200-06-70, блыщхьэ-махуэку: сыхьэтибгъум щыщIэдзауэ сыхьэт 18 хъуху, мэремым: сыхьэти 9-м щегъэжьауэ сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 45-м къриубыдэу (упсэлъэным уасэ техуэркъым).

Хъыбархэм фыкIэлъыплъ икIи фыкъыщеджэ КъБР-м щыIэ ОСФР-м и социальнэ сетхэм:

**ВК https://vk.com/sfrpokbr**
**ТГ https://t.me/sfr_po_kbr_07**
**OK https://ok.ru/group/70000002358769**

*Зыгъэхьэзырар* **УАРДЭ Жантинэщ.**

**● Прокуратурэ**

# ЗэIущIэ щхьэпэ

**Шэджэм районым и прокурорым и дэIэпыкъуэгъу Филиппьев Игорь щIыналъэм и администрацэм щригъэкIуэкIащ бюджет IэнатIэхэм коррупцэм пэщIэтынымкIэ къагъэсэбэп Iэмалхэм теухуа зэIущIэ.**

СЕМИНАРЫМ хэтащ районым и щIыпIэ администрацэхэм я лIыкIуэхэр, щэнхабзэмкIэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр.

ЗэIущIэм щагъэнэIуащ жылагъуэмрэ къэралымрэ я дежкIэ зэранышхуэ къэзышэ коррупцэм зэрыпэщIэтыну хэкIыпIэхэр, ахэр зэрызэфIэхыпхъэ Iэмалхэр.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**

# Куэдым къела унэ

**И дахагъэм удихьэхрэ уеплъ пэтми зумыгъэнщIу щыIэщ Налшык къалэм зы унэ. 19-нэ лIэщIыгъуэм и фэеплъ гъуэзэджэу, тхыдэшхуэ ихъумэу. ЩыIэкIэ-псэукIэм зезыгъэхъуэжа Ленин Владимир и дамэгъухэр щыхьэщIа унэу Лепешинскэм ирагъэщIаращ зи гугъу сщIыр.**




ЯЗЫНЫКЪУЭХЭМ ягъэхъыбар ар езы ХьэтIохъущокъуэ дыдэм иригъэщIарэ щыпсэуауэ, хэти жеIэ унэр Долинский-Лепешинскэхэм я щIэину. Хэти ар ецIыху «унэ шынагъуэу», цIыху цIэрыIуэхэм узыфэ хьэлъэ щагъэвауэ, щIэлIыкIауэ, я псэр гугъу ехьрэ зэхэзехуэну нобэр къыздэсым абы гъуэбжэгъуэщу щIэту.

Къыхэгъэщыпхъэщи, зи гугъу тщIы унэр ХьэтIохъущокъуэ жыг-хадэм итщ, хэт хуейми кIуэуэ еплъыну хуиту. Илъэсищэм щIигъужащ ар, и унащхьэр къещэщэхащ, блынхэр къихужащ, нобэ-ныжэбэ къызэфIэщэхэнущ жаIэурэ, нобэм къэсащ. Абы и хъыбар зымыщIэххэри гъунэжщ, ауэ зэ закъуэ нэбгъузкIэ зылъэгъуам гукъинэ зэрыщыхъур щэхукъым.

АтIэ, унэр мывэ блын гъэщIэрэщIакIэ къэхухьащ, къатитIу зэтет унэ екIур нэхъри игъэдахэ нэхъей. 19-нэ лIэщIыгъуэм и кIэхэм инженер-технолог Долинский Петр зы гектарым сом 50 хуэзэу къищэхуа щIым тращIыхьауэ щытащ чырбыш гъуатIэкIэ зэтелъхьа унэр. А лъэхъэнэрщ жыг-хадэм щыщ зыщэхуа унагъуэ зыбжанэр щыпсэу хьэблэм «Долинск» щыфIащари. Къалэ Iэхэлъахэм къуажэ цIыкIуу къыщыунэхуа Долинскыр щIыпIэ дахэми, ущыпсэуну тыншткъым. ЩIыуэпс къабзэм къыхэлъыдыкI зыгъэпсэхупIэ дахащэу зи хъыбар Iуа Долинскым урысейхэр къыхуэпIащIэу къызэрыхьми, къызэрыгуэкI къуажэ цIыкIу къэрихьэлIэрти, къэпщIауэ Iупэхэр къылуригъэпкIырт: «ЗыгъэпсэхупIэкъым мыр!», - жаIэу.

Ауэ щыхъум, Долинскэхэм я къуажэ цIыкIур ирагъэфIэкIуэнымкIэ я мылъкуи къаруи щысхьыжакъым: уэрам зэв цIыкIухэм зрагъэубгъуащ, ХьэтIохъущокъуэ жыг-хадэм пащэу жыг зэмылIэужьыгъуэхэр хасащ, щIыр ягъэпшэрри хадэхэкIхэм елэжьу щIадзащ. Къыхэгъэщыпхъэщи, налшыкдэсхэм яфIэфI дыдэт абыхэм я пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкIхэмрэ. Ауэрэ къуажэм зиубгъуащ, Налшык къалэр курорт щIэхъужари а унэмрэ Долинскэхэмрэ я фIыщIэу жаIэ.

АтIэ, Долинскэм иригъэщIамэ, ар щыпсэуамэ, щхьэ нобэ Лепешинскэм и унэ жаIэрэ?!

КъызэрыщIэкIымкIэ, Совет зэманым абы щыпсэуащ революционер унагъуэу Лепешинскэхэ Пантелеймонрэ Ольгэрэ. Унэгуащэр биолог цIэрыIуэт. ИкIи а унэращ абы эритроцитхэр щиджар, абыхэм я «фэр» зэманым Iув зэрыдэхъур къыщызэIуихар. Нобi щыт унэрщ «Борьба и творчество» романыр Пантелеймон щитхари.

Дунейр чэзукъэ-тIэ?! Лепешинскэхэм яужькIэ зи гугъу тщIы унэр КъэкIыгъэхэмкIэ совхозым и хэщIапIэу щытащ 1980 гъэхэм пщIондэ. АдэкIэ... Зыми еижакъым, зыри кIэлъыплъыжакъым. Къэнжалыщхьэр уэшхымрэ уэсымрэ игъэулъийри гъуанэ хъужащ, зи жьэр зыущIа псэущхьэ шынагъуэм хуэдэу къаплъэу. Иджыпсту унащхьэр къехуэхыу сыщIипIытIэнукъэ жыпIэу уегъэшынэ, ущIыхьамэ. Щхьэгъубжэ IупIэхэр сытым дежи зэхуэщIащи, хьэдэджадэхэр зэхэзехуэн мыхъун щхьэкIэ, «унэ шынагъуэм» нэхур щIамыгъаплъэм хуэдэщ.

ЦIыхум и лъэр здынимыхус щыIэкъым. ЩIохъэ унэ бгынэжам, шынэ ямыщIэу. АпщIондэху къулыкъущIэхэр мэгупсысэ: итхын унэр, хьэмэрэ къэдгъэщIэрэщIэжын, жаIэу. Сыт хуэдэ сэкъат имыгъуэтами, илъэси 120-м щIигъуауэ щытщ Долинский-Лепешинскэхэм я унэр. Сыт хуэдизрэ зыхуэыгъыжынуми хэт ищIэрэ, ауэ унафэм уардэу пэплъэ нэхъей, къыхоплъ а илъэс бжыгъэм къриубыдэу езы унэм хуэди 2-3-кIэ хэхъуа жыгхэм.

ФЫРЭ Анфисэ.

# КъБР-м и зэфIэкIхэр Минводхэм щегъэлъагъуэ



**«InRussia» фIэщыгъэр зэрихьэу Минводхэр къалэм иджыблагъэ щекIуэкIащ дунейпсо зэхуэс-гъэлъэгъуэныгъэ. Ар къызэрагъэпэщащ Урысей Федерацэм Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэмрэ Ставрополь крайм и Правительствэмрэ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым къыбгъэдэкIыу зэхуэсым хэтащ КъБР-м промышленностымкIэ, энергетикэмрэ сатумкIэ и министр къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Iэхъуэбэч Щамилрэ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Бэждыгъу Темыркъанрэ, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лэжьакIуэхэр, республикэм и хьэрычэтыщIэхэр, нэгъуэщIхэри.

Ди щIыналъэм и промышленность IэнатIэм и зэфIэкIхэр ягъэлъагъуэу утыкум кърахьащ «Севкаврентген-Д», «Терекалмаз», «Кавказпромкабель», «ЭРПАК», «Базис», «Телемеханика», «Гипсолит», «Нальчик Сладость», «Nejan joy», «Шэджэм абдж завод» IуэхущIапIэхэм къыщIагъэкIахэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и продукцэхэр щигъэлъэгъуа щIыпIэм цIыху куэд щызэблэкIащ. Абыхэм яхэтащ икIи махъсымэбжьэкIэ ирагъэблэгъащ Ставрополь крайм и Iэтащхьэ Владимиров Владимиррэ УФ-м промышленностымрэ сатумкIэ и министрым и къуэдзэ Куликов Иванрэ.

Къыхэдгъэщынщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэр а махуэм IущIащ Омск, Челябинск областхэм я хьэрычэтыщIэхэм икIи тепсэлъыхьащ щIыналъэхэр зэрызэдэлэжьэну, продукцэ зэхуэдэхэр къыщIэзыгъэкI, Iуэхутхьэбзэ зэщхьхэр цIыхухэм яхуэзыщIэ я IэнатIэхэр зэпыщIа зэрыхъунум ехьэлIа Iуэхугъуэхэм. Апхуэдэуи ахэр щхьэхуэу хуэзащ «Северсталь» компанием и лIыкIуэхэм. КъБР-м и ШэсыпIэ фондми зэгурыIуэныгъэ ирищIылIащ Башкирием ПромышленностымкIэ и щIыналъэ фондым.

Iэхъуэбэч Щамил къыхигъэщащ сату-экономикэ зэпыщIэныгъэхэр егъэфIэкIуэнымрэ щIыналъэм къыщIигъэкI продукцэхэм сату щыпIэщIэхэр къэхуэгъуэта хъунымкIэ мыпхуэдэ зэIущIэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр.

«Дэтхэнэ мыпхуэдэ зы зэIущIэми республикэм къыхуехь зэныбжьэгъугъэ зэпыщIэныгъэхэмрэ зэрызэдэлэжьэнумкIэ Iэ зыщIэдза зэгурыIуэныгъэхэмрэ», - жиIащ абы.

«Урысейм и щIыналъэхэм я зэфIэкIхэр» фIэщыгъэм щIэта зэхуэс-гъэлъэгъуэныгъэр зэхуащIыжащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

# НэхъыфIипщIым дащыщщ

**Урысей Федерацэм Къэрал статистикэмкIэ и къулыкъум (Росстат) иджыблагъэ къызэритамкIэ, дызэрытилъэсым и щIышылэ - шыщхьэIу мазэхэм къриубыдэу къэралым и щIыналъэхэм промышленнэ продукцэу къыщIагъэкIам и куэдагъымкIэ, нэгъабэ щыIа бжыгъэхэм елъытауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэхъыфIипщIым хыхьащ. Ди республикэм хэхъуэу къигъэлъэгъуащ проценти 115,5-рэ.**

РЕСПУБЛИКЭМ и промышленностыр абы хыхьащ консерв заводхэмкIэ, псэуалъапхъэхэр, налкъутыр зи лъабжьэ Iэмэпсымэхэр, медицинэ техникэр, дэрбзэр, н.къ. хьэпшыпхэр къыщIэзыгъэкI IуэхущIапIэхэмкIэ.

Къэралым щыпэрыт щIыналъэхэм яхэтщ Курган областыр (проценти 135,4-рэ), Осетие Ищхъэрэ-Аланиер (125,2-рэ), Севастополь къалэр (119,9-рэ), Чувашиер (117,1-рэ), Дагъыстаныр (116,7-рэ), Киров областыр (115,4-рэ), Мэзкуу къалэр (114,2-рэ), Ингушыр (113,1-рэ), Тамбов областыр (12,8-рэ).

Проценти 100-м нэхърэ нэхъ мащIэ къагъэлъэгъуащ Камчаткэ областым (81,6-рэ), Тывам (82,5-рэ), Къалмыкъым (91,3-рэ), Еврей автономнэ округым (92,7-рэ), Краснодар крайм (97,5-рэ), нэгъуэщI щIыналъэ куэдми.

ХЬЭМЭДЭ Хьэуелэ.

## Мы махуэхэм

**Жэпуэгъуэм и 26,** *щэбэт*

♦**Гимнастикэм и дунейпсо махуэщ**

♦**1942 гъэм** советыдзэхэр икIуэту Налшык къалэм дэкIын хуей хъуащ.

♦**1926 гъэм** къалъхуащ «Красный Кавказ» колхозым и унафэщIу илъэс куэдкIэ щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Тхьэкъуахъуэ Башир**.

♦**1929 гъэм** къалъхуащ журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым илъэс куэдкIэ щылэжьа, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Джэлэс Таужид**.

♦**1937 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм и унафэщI **Емуз Анатолэ**.

♦**1949 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Куэтэншы Хьэсэн**.

♦**1956 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор **Дзыгъуанэ Ритэ**.

♦**1971 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБКъУ-м и доцент **УнэлIокъуэ Вячеслав**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 5, жэщым градуси 4 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 27,** *тхьэмахуэ*

♦**Аудиовизуальнэ щIэиныр хъумэным и дунейпсо махуэщ**

♦**1940 гъэм** Налшык къыщызэIуахащ Къэбэрдей, Балъкъэр драмэ театрхэр.

♦**1951 гъэм** лышх узыфэм ебэныным япэ дыдэу къыхуагъэсэбэпащ радиацэ бзийхэр.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, журналист **Къамбий Джэфар**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 7, жэщым градуси 3 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 28,** *блыщхьэ*

♦**Анимацэм и дунейпсо махуэщ**

♦**УФ-м и Дзэ-Хьэуа Къарухэм я дзэ авиацэм и махуэщ**

♦**Урысей Федерацэм щагъэлъапIэ анэшхуэхэмрэ адэшхуэхэмрэ я махуэр**

♦**1900 гъэм** къалъхуащ къэбэрдей литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа икIи и классик **ЩоджэнцIыкIу Алий**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ юридическэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академик **Мысрокъуэ Замир**.

♦**1964 гъэм** къалъхуащ къэрал политикэ лэжьакIуэ, КъШР-м къэрал къулыкъур зехьэнымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Астэжь Францескэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 6, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Iугъуэм сыхокI жыпIэу мафIэм зыхыумыдзэ.**

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, жэпуэгъуэм и 28

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 14.00, 17.00, 18.30** Информационный канал (16+)
**13.30** «АнтиФейк» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**20.00** Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ШИФР». Новые серии (16+)
**23.00** «Большая игра» (16+)
**00.00, 03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30, 18.30** «60 минут» (12+)
**13.00** «Наши» (12+)
**14.30** Вести. Местное время
**14.55** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.30** «Малахов» (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «КНЯЖНА МИЛОСЕРДИЯ» (16+)
**23.30** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.05** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**03.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

### НТВ

**04.50** Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ПАЛЬЦЫ» (16+)
**22.15, 00.00** Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
**00.55** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)
**04.20** Т/с «АГЕНТСТВО СКРЫТЫХ КАМЕР» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.00** Т/с «КАТЯ И БЛЭК» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Х/ф «ИВАН БРОВКИН НА ЦЕЛИНЕ» (16+)
**13.25** «По горячим следам» (16+)
**13.45, 15.05, 17.15** Т/с «ТУЛЬСКИЙ-ТОКАРЕВ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.00** Д/с «Тайны военной разведки» (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «ЧАСОВЩИК» (16+)
**01.00** Х/ф «ЮНГА СО ШХУНЫ «КОЛУМБ» (16+)
**02.15** Д/с «Освободители» (16+)
**02.55** Д/с «Москва фронту» (16+)
**03.20** Т/с «КАТЯ И БЛЭК» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** «Пешком...»
**07.05** Черные дыры. Белые пятна
**07.50** Д/с «Невский ковчег. Теория невозможного»
**08.25, 22.20** Т/с «МЕГРЭ» (16+)
**10.00, 12.30, 16.30, 19.30, 23.55** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.10, 00.40** ХХ век
**12.45** Новости. Подробно. АРТ
**13.00** Х/ф «СОБАКА НА СЕНЕ» (16+)
**15.25** «Агора»
**16.45** «Острова»
**17.30** И.С.Бах. Мотеты и кантаты для хора, оркестра и солистов. Екатерина Антоненко, вокальный ансамбль Intrada и Государственный академический камерный оркестр России
**18.30** «Рассказы из русской истории»
**19.45** Главная роль
**20.05** «Правила жизни»
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.45** Д/ф «Лев Шимелов. Конферансье»
**21.35** «Сати. Нескучная классика...»
**00.10** «Магистр игры»
**01.35** Д/с «Доминанты»
**02.25** Д/ф «Роман в камне»

### МАТЧ!

**06.00** «Игра миллионов» (12+)
**06.30** «Все о главном» (12+)
**07.00, 10.00, 12.55, 15.25** Новости
**07.05, 15.30, 22.00, 01.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**10.05** Лица страны (12+)
**10.25** Х/ф «НЕПОБЕДИМЫЙ» (16+)
**11.25** Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
**12.35** Специальный репортаж (12+)
**13.00** «Есть тема!». Прямая трансляция
**14.25** Магия большого спорта (12+)
**14.55** «Игра миллионов» (12+)
**16.25** Хоккей. «Крылья Советов» (Москва) - «АКМ-Юниор» (Тульская область). OLIMPBET Чемпионат МХЛ. Прямая трансляция
**18.45** «Громко». Прямая трансляция
**19.55** Футбол. Чемпионат Турции. «Галатасарай» - «Бешикташ». Прямая трансляция
**22.55** Футбол. «Мальорка» - «Атлетик». Чемпионат Испании. Прямая трансляция
**01.35** Д/ф «Величайший» (16+)
**02.55** Новости (0+)

## Гъубж, жэпуэгъуэм и 29

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 14.00, 17.00, 18.30** Информационный канал (16+)
**13.30** «АнтиФейк» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**20.00** Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ШИФР». Новые серии (16+)
**23.00** «Большая игра» (16+)
**00.00, 03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30, 18.30** «60 минут» (12+)
**13.00** «Наши» (12+)
**14.30** Вести. Местное время
**14.55** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.30** «Малахов» (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «КНЯЖНА МИЛОСЕРДИЯ» (16+)
**23.30** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.05** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**03.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

### НТВ

**04.50** Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ПАЛЬЦЫ» (16+)
**22.15, 00.00** Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
**00.55** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)
**04.20** Т/с «АГЕНТСТВО СКРЫТЫХ КАМЕР» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.00** Т/с «КАТЯ И БЛЭК» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Х/ф «В ЗОНЕ ОСОБОГО ВНИМАНИЯ» (16+)
**13.25** «По горячим следам» (16+)
**13.45, 15.05, 17.15** Т/с «ТУЛЬСКИЙ-ТОКАРЕВ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.00** Д/с «Тайны военной разведки» (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Улика из прошлого» (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «В ЗОНЕ ОСОБОГО ВНИМАНИЯ» (16+)
**01.05** Х/ф «БЕЗ СРОКА ДАВНОСТИ» (16+)
**02.40** Д/с «Освободители» (16+)
**03.20** Д/с «Хроника Победы» (16+)
**03.45** Т/с «ТУЛЬСКИЙ-ТОКАРЕВ»

### РОССИЯ К

**06.30** «Пешком...»
**07.00** Оттепель. В добрый час
**07.20, 18.40, 00.05** Д/с «Настоящая война престолов»
**08.05** «Жизнь и судьба»
**08.25, 22.15** Т/с «МЕГРЭ» (16+)
**10.00, 12.30, 16.30, 19.30, 23.50** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.10, 00.55** ХХ век
**12.00** Д/с «Запечатленное время»
**12.45** Новости. Подробно. Книги
**13.00** Д/ф «Лев Шимелов. Конферансье»
**13.45** «Игра в бисер» с Игорем Волгиным
**14.25** Х/ф «КРАХ ИНЖЕНЕРА ГАРИНА» (16+)
**15.35** «Сати. Нескучная классика...»
**16.45** Д/с «Коллекция»
**17.20** Д/с «Жизнь замечательных идей»
**17.50** Д/с «Доминанты»
**19.45** Главная роль
**20.05** «Правила жизни»
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.50** Искусственный отбор
**21.30** «Белая студия»
**01.40** Д/с «Доминанты»
**02.30** Д/ф «Роман в камне»

### МАТЧ!

**06.00** «Игра миллионов» (12+)
**06.30** «Наши иностранцы» (12+)
**07.00, 10.00, 12.55, 15.25** Новости
**07.05, 15.30, 19.30, 22.00, 00.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**10.05, 12.35** Специальный репортаж (12+)
**10.25** Х/ф «НЕПОБЕДИМЫЙ» (16+)
**11.25** Профессиональный бокс. М. Гассиев - К. Юнгквист. Ночь чемпионов IBA. Трансляция из Армении (16+)
**13.00** «Есть тема!». Прямая трансляция
**14.25** «Что за спорт?» (12+)
**14.55** «Игра миллионов» (12+)
**16.20** Д/ф «История Джесси Лингарда» (16+)
**17.20** Футбол. «Тюмень» - «Амкар» (Пермь). FONBET. Кубок России. Прямая трансляция
**19.50** Футбол. «Балтика» (Калининградская область) - «Урал» (Екатеринбург). FONBET. Кубок России. Прямая трансляция
**22.40** Футбол. «Милан» - «Наполи». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
**01.30** Д/ф «Мэнни Пакьяо. Непреодолимая сила» (16+)
**02.55** Новости (0+)
**03.00** Волейбол. «Динамо» (Москва) - «Нова» (Новокуйбышевск). Чемпионат России. Pari. Суперлига. Мужчины (6+)
**05.00** Матч! Парад (16+)
**05.30** Д/с «Век нашего спорта» (12+)

## Бэрэжьей, жэпуэгъуэм и 30

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 14.00, 17.00, 18.30** Информационный канал (16+)
**13.30** «АнтиФейк» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**20.00** Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ШИФР». Новые серии (16+)
**23.00** «Большая игра» (16+)
**00.00** «Шоу Вована и Лексуса» (16+)
**01.00, 03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30, 18.30** «60 минут» (12+)
**13.00** «Наши» (12+)
**14.30** Вести. Местное время
**14.55** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.30** «Малахов» (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «КНЯЖНА МИЛОСЕРДИЯ» (16+)
**23.30** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.05** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**03.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

### НТВ

**04.50** Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ПАЛЬЦЫ» (16+)
**22.15, 00.00** Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
**00.55** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)
**04.20** Т/с «АГЕНТСТВО СКРЫТЫХ КАМЕР» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.25** Т/с «ТУЛЬСКИЙ-ТОКАРЕВ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Х/ф «ОТВЕТНЫЙ ХОД» (16+)
**12.50** «Специальный репортаж» (16+)
**13.25** «По горячим следам» (16+)
**13.45, 15.05, 17.15** Т/с «ТУЛЬСКИЙ-ТОКАРЕВ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.00** Д/с «Тайны военной разведки» (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Секретные материалы». Д/с (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «ОТВЕТНЫЙ ХОД» (16+)
**00.50** Х/ф «ДВА ГОДА НАД ПРОПАСТЬЮ» (16+)
**02.30** Х/ф «ПО ДАННЫМ УГОЛОВНОГО РОЗЫСКА...» (16+)
**03.55** Т/с «ТУЛЬСКИЙ-ТОКАРЕВ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** «Пешком...»
**07.00** Оттепель. В добрый час
**07.20, 18.40, 00.05** Д/с «Настоящая война престолов»
**08.05** «Жизнь и судьба»
**08.25, 22.15** Т/с «МЕГРЭ» (16+)
**10.00, 12.30, 16.30, 19.30, 23.50** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.10, 00.55** ХХ век
**12.45** Новости. Подробно. Кино
**13.00** Д/с «Первые в мире»
**13.15** Искусственный отбор
**13.55** Д/ф «Крутые дороги Дмитрия Лихачева»
**14.25** Х/ф «КРАХ ИНЖЕНЕРА ГАРИНА» (16+)
**15.35** «Белая студия»
**16.45** «Библейский сюжет»
**17.20** Д/с «Жизнь замечательных идей»
**17.50** Д/с «Доминанты»
**19.45** Главная роль
**20.05** «Правила жизни»
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.50** Абсолютный слух
**21.30** Власть факта
**02.10** Д/с «Доминанты»

### МАТЧ!

**06.00** «Игра миллионов» (12+)
**06.30** «Что за спорт?» (12+)
**07.00, 10.00, 12.55, 15.25** Новости
**07.05, 15.30, 19.30, 22.30, 00.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**10.05, 12.35** Специальный репортаж (12+)
**10.25** Х/ф «НЕПОБЕДИМЫЙ» (16+)
**11.25** Профессиональный бокс. А. Мазур - Т. Узлян. Трансляция из Санкт-Петербурга (16+)
**13.00** «Есть тема!». Прямая трансляция
**14.25** «Вид сверху» (12+)
**14.55** «Игра миллионов» (12+)
**16.20** Д/ф «Пеле. Король футбола» (12+)
**17.20** Смешанные единоборства. И. Топурия - М. Холлоуэй. UFC. Трансляция из ОАЭ (16+)
**20.25** Футбол. «Эмполи» - «Интер». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
**22.40** Футбол. «Ювентус» - «Парма». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
**01.30** Д/ф «Коби Брайант. Черная Мамба» (12+)
**02.55** Новости (0+)
**03.00** Баскетбол. УНИКС (Казань) - МБА-МАИ (Москва). Единая лига ВТБ (6+)
**05.00** Матч! Парад (16+)

## Махуэку, жэпуэгъуэм и 31

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 14.00, 17.00, 18.30** Информационный канал (16+)
**13.30** «АнтиФейк» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**20.00** Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ШИФР». Новые серии (16+)
**23.00** «Большая игра» (16+)
**00.10, 03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30, 18.30** «60 минут» (12+)
**13.00** «Наши» (12+)
**14.30** Вести. Местное время
**14.55** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.30** «Малахов» (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «КНЯЖНА МИЛОСЕРДИЯ» (16+)
**23.30** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.05** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**03.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

### НТВ

**04.50** Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ПАЛЬЦЫ» (16+)
**22.15, 00.00** Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
**00.30** Основано на реальных событиях (16+)
**04.05** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.25** Т/с «ТУЛЬСКИЙ-ТОКАРЕВ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Х/ф «ПРОЕКТ «АЛЬФА» (16+)
**13.25** «Специальный репортаж» (16+)
**13.40, 15.05, 17.15** Т/с «ОПЕРАЦИЯ «ГОРГОНА» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.00** Д/с «Тайны военной разведки» (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Код доступа» (12+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «БЕЗ ПРАВА НА ПРОВАЛ» (16+)
**00.45** Х/ф «НОЧНОЙ ПАТРУЛЬ» (16+)
**02.25** Х/ф «ДВА ГОДА НАД ПРОПАСТЬЮ» (16+)
**04.05** Д/с «Освободители» (16+)
**04.40** Д/с «Москва фронту» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** «Пешком...»
**07.00** Оттепель. В добрый час
**07.20, 18.40, 00.05** Д/с «Настоящая война престолов»
**08.05** «Жизнь и судьба»
**08.25, 22.15** Т/с «МЕГРЭ» (16+)
**10.00, 12.30, 16.30, 19.30, 23.50** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.10, 00.55** ХХ век
**12.15** Д/ф «Забытое ремесло»
**12.45** Новости. Подробно. Театр
**13.00** Д/с «Первые в мире»
**13.15** Д/ф «Кукрыниксы против Третьего рейха»
**13.55** Д/ф «Крутые дороги Дмитрия Лихачева»
**14.25** Х/ф «КРАХ ИНЖЕНЕРА ГАРИНА» (16+)
**15.35** «2 Верник 2»
**16.45** Д/с «Пряничный домик»
**17.20** Д/с «Жизнь замечательных идей»
**17.50** Д/с «Доминанты»
**19.45** Главная роль
**20.05** Открытая книга
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.50** Д/ф «Гусарская баллада». Корнет, Вы женщина?»
**21.30** «Энигма»
**01.55** Д/с «Доминанты»

### МАТЧ!

**06.00** «Игра миллионов» (12+)
**06.30** «Вид сверху» (12+)
**07.00, 10.00, 12.55** Новости
**07.05, 18.50, 21.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**10.05, 12.35** Специальный репортаж (12+)
**10.25** Х/ф «НЕПОБЕДИМЫЙ» (16+)
**11.25** Смешанные единоборства. Б. Морено - Б. Ройвал. UFC. Трансляция из Мексики (16+)
**13.00** «Есть тема!». Прямая трансляция
**14.25** «Большой хоккей» (12+)
**14.55** Боулинг. BetBoom Кубок КЛБ. Про-тур. Прямая трансляция. из Ижевска
**16.55** Футзал. «Синара» (Екатеринбург) - «Кристалл» (Санкт-Петербург). БЕТСИТИ. Суперлига. Прямая трансляция
**19.15** Хоккей. «Торпедо» (Нижний Новгород) - «Динамо» (Минск). Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
**22.40** Футбол. «Рома» - «Торино». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
**00.45** Евротур (12+)
**01.35** Д/ф «Криштиану Роналду. Единственный и неповторимый» (12+)

# 1 КъБР ☆ «Мир» канал

**Блыщхьэ, жэпуэгъуэм и 28**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Мылъкум ефIэкI хъугъуэфIыгъуэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Ди хьэщIэхэр». Эбуев Къутбий (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.45** «Анака». Лэжьыгъэм и ветеран Мусуковэ ФатIимэт (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Къызыхуигъэщ Iа Iуэхур». КъБР-м и цIыхубэ дохутыр Къуэжей СулътIан (12+)
**8.40** «Дюймовочка». Сабийхэм папщIэ спектакль (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Билляча». Сабийхэм папщIэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.40** «Си унагъуэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.10** «ГуащIэм фIыщIэ пылъщ». ХьэпцIэ Азэмэт (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.40** «IэщIагъэм зыхуагъасэу». УхуакIуэ (12+)
**18.55** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**19.10** Ретроспективэ. «ЩоджэнцIыкIу Алий: усакIуэм и гъащIэмрэ гуузу зэрыкIуэдамрэ» (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Дахагъэр зи пщалъэ». Дизайнер, лъэпкъ фащэ зыд Бэджокъуэ Бэллэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.25** «Гъунапкъэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.55** Ретроспективэ. «Си ЩоджэнцIыкIу Алий» (12+)
**21.10** «Узэкъуэтмэ, улъэщщ». Республикэ фестиваль. Япэ Iыхьэ (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Гъубж, жэпуэгъуэм и 29**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Дахагъэр зи пщалъэ». Дизайнер, лъэпкъ фащэ зыд Бэджокъуэ Бэллэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.50** «Классикэр псоми папщIэ». Мэсей А. (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Гъунапкъэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.40** «ЦIыху Iущхэм зэрыжаIауэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Си ЩоджэнцIыкIу Алий» (12+)
**8.25** «Узыкъуэтмэ улъэщщ». Республикэ фестиваль. Япэ Iыхьэ (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Жаншэрхъ». Спорт нэтын (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.35** «ЩIэблэ узыншэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.00** «Узыншагъэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.40** «Тайм-аут». Спорт нэтын (12+)
**18.55** «Юрист, тхакIуэ, журналист». Сэрахъэ Александр (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Сценэм къыхуигъэщIа». КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Балъкъэр Тамарэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.30** «Чэзу». КъБР-м и Парламентым и депутат Хасаитовэ Елизаветэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.00** «Узэкъуэтмэ, улъэщщ». Республикэ фестиваль. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Бэрэжьей, жэпуэгъуэм и 30**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Тайм-аут». Спорт нэтын (12+)
**6.25** «Ди зэманым и лIыхъужьхэр» (12+)
**6.35** «ЩIэблэ узыншэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Жаншэрхъ». Спорт нэтын (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.30** «Чэзу». КъБР-м и Парламентым и депутат Хасаитовэ Елизаветэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Узэкъуэтмэ, улъэщщ». Республикэ фестиваль. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
**8.50** «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Классикэ макъамэхэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.55** «Спорт утыку цIыкIу» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.15** «Телевиденэм ныбжьэгъухэр зэхуешэс». Макъамэ нэтын (12+)
**18.55** «ПщIэну щхьэпэщ» (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Уэрэд щIаусыр». Лий Аслъэн (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.30** «Усэхэр зэрыт дэфтэр» (12+)
**20.40** «IэщIагъэм зыхуагъасэу» (12+)
**21.00** «Зэманым дыкъыхихащ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.30** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Махуэку, жэпуэгъуэм и 31**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**6.20** «Телевиденэм ныбжьэгъухэр зэхуешэс». Макъамэ нэтын (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Уэрэд щIаусыр». Лий Аслъэн (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.45** «ЩIалэгъуалэр мэгушыIэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Зэманым дыкъыхихащ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.40** «Спорт утыку цIыкIу» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Дыгъэ-щыгъэ». Сабийхэм папщIэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.40** «Гукъыдэж фиIэну» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.20** «Уаз» (12+)
**18.50** «Спортым и ветеранхэр». Урысейм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ дыжьыныр зыхуагъэфэща Темукуев Къайсын (12+)
**19.20** «Гъуэгуанэ тхыгъэхэр». Тенджыз ФIыцIэр (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «02» къулыкъущIапIэм хъыбар фегъащIэ» (16+)
**19.55** «Уузыншэм…» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.20** Мечиев Кязим къызэралъхурэ илъэси 165-рэ мэхъу. «Къуршхэм я джэрпэджэж» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.10** «Зэпсэлъэныгъэхэр». Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэ Дэгу Каринэ (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Мэрем, щэкIуэгъуэм и 1**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «02» къулыкъущIапIэм хъыбар фегъащIэ» (16+)
**6.20** «Зэпсэлъэныгъэхэр». Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэ Дэгу Каринэ (12+)
**6.50** «Гъуэгуанэ тхыгъэхэр». Тенджыз ФIыцIэр (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Гъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.40** «ХьэIупэ ДжэбрэIил и усэхэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** Мечиев Кязим къызэралъхурэ илъэси 165-рэ мэхъу. «Къуршхэм я джэрпэджэж» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Усыгъэм гъунэ иIэкъым» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.35** «ЕгъэджакIуэ». Хьэжырокъуэ Каринэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.15** Кулиевым и фэеплъу. «Бгы зэхуакум дэтщ сыщалъхуа си унэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.50** «Псэм къехуэбылIэ зэман». Макъамэ нэтын (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «ГуащIэм фIыщIэ пылъщ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.25** «МакъитI» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.55** «И псалъэкIи и IуэхущIафэкIи щэджащэщ». Кулиев Къайсын (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 2**

**6.00** «Усыгъэм гъунэ иIэкъым» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.25** «ЕгъэджакIуэ». Хьэжырокъуэ Каринэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.05** «МакъитI» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.35** Кулиевым и фэеплъу. «Бгы зэхуакум дэтщ сыщалъхуа си унэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.05** «Псэм къехуэбылIэ зэман». Макъамэ нэтын (12+)
**8.45** «Джэдум и унэ». Сабийхэм папщIэ спектакль (6+)
**17.00** «ЩIылъэмрэ уэгумрэ ятеухуауэ» (12+)
**17.20** «Кухняшки». Сабийхэм папщIэ нэтын (6+)
**17.40** «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.00** «ЛъэужьыфIэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.25** «Ди пщэфIапIэм» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.05** «Республикэм щыхъыбархэр». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ) (16+)
**19.20** «Псэун, уигу хэхъуэу» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.50** «ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**20.05** «Щытхъу зиIэ дохутыр» (12+)
**20.40** «ХьэщIэщ». Бахъсэн щIыналъэ. Джэдыкъуэ (12+)

**Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 3**

**6.00** «Республикэм щыхъыбархэр». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ) (16+)
**6.15** «ЛъэужьыфIэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.40** «Ди пщэфIапIэм» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.20** «ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**7.35** «Псэун, уигу хэхъуэу» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.05** «Щытхъу зиIэ дохутыр» (12+)
**8.40** «Кухняшки». Сабийхэм папщIэ нэтын (6+)
**17.00** Жантуев Исса. «Киеулюк». Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым и спектакль (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.10** «Ди хабзэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.50** «ЦIыху гъащIэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.10** «Фэр папщIэ!» Макъамэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.50** ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэщ. «Зэкъуэтыныгъэр зыгъэбыдэ дерсхэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.15** «Бзылъхугъэ сурэт». Аруан къуажэм дэт Гъуазджэхэмк Iэ сабий еджапIэм и унафэщI ХьэцIыкIу Ритэ (12+)
**20.45** «КъэкIуэнур - нобэм». Философие щIэныгъэхэмкIэ доктор Щауэ Асфар (12+)
**21.30** «Республикэ: тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (16+)

## «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и радио

**Блыщхьэ, жэпуэгъуэм и 28**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.35** «Адыгэ усыгъэм и классик». ЩоджэнцIыкIу Алий (адыгэбзэкIэ)
**8.35 - 8.50** Литературэ тхыгъэхэм дыкъоджэ. «ЩIымахуэ жэщ» поэмэм щыщ пычыгъуэ (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.50 - 9.00** «Фэеплъхэм я тхыдэм щыщщ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Ди хъугъуэфIыгъуэхэр» циклым щыщщ (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.50** «Вагъуэбэ» (урысыбзэкIэ)
**13.50 - 14.00** Нарт эпосым и напэкIуэцIхэр (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 16.00** ЩоджэнцIыкIу Алий теухуауэ (урысыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** Усыгъэм и дакъикъэхэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.30 - 18.35** «Псоми тедгъэкIуэдэнур дакъикъитхущ» (урысыбзэкIэ)
**18.35 - 19.00** «Макъамэм и дунейм». «Эрирей» цIыхубэ ансамблыр илъэс 50 щрикъум ирихьэлIэу (балъкъэрыбзэкIэ)

**Гъубж, жэпуэгъуэм и 29**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «Ислъамымрэ гъащIэмрэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.30 - 8.40** «Лъэпкъым и Iущыгъэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** «Псэкупсэ джэлэс» (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Мазэгъуэ нэху». ЗэрамыщIэ Заретэ (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «Зи чэзу Iуэхум теухуа интервью» (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «ХъыбарIуатэм и пхъуантэ цIыкIу» (балъкъэрыбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 16.00** «ЕхъулIэныгъэм и хэкIыпIэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** Усыгъэм и дакъикъэхэр (адыгэбзэкIэ)
**18.30 - 19.00** ЩоджэнцIыкIу Алий и «Мадинэ» поэмэм къытращIыкIа радиопостановкэ (адыгэбзэкIэ)

**Бэрэжьей, жэпуэгъуэм и 30**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ». ХъыбарегъащIэ-макъамэ канал (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.40** «Илъэсхэмрэ цIыхухэм я гъащIэмрэ». Политикэ залымыгъэм хэкIуэдахэм я махуэм ирихьэлIэу (адыгэбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** «Зауэм хэта тхакIуэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Нэхъ пасэу радиом къитахэм щыщщ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «Адэжь щIыналъэм и дахагъэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «ГъащIэм зызымыхъуэж и хабзэхэр: къежьапIэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «Сабийр щIэшынэр». Психологым допсалъэ (адыгэбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Микрофоныр - сабийхэм» (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** Усыгъэм и дакъикъэхэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.30 - 18.50** «ГъащIэм и плъыфэ псори». Акъсырэ МуIэед и фэеплъу (урысыбзэкIэ)
**18.50 - 19.00** «ЦIыхубзым и дунеймрэ адыгэхэм я хабзэхэмрэ» (урысыбзэкIэ)

**Махуэку, жэпуэгъуэм и 31**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ». ХъыбарегъащIэ-макъамэ канал (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «ЛIакъуэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.30 - 8.40** Кулиев Къайсын. «Анэм и таурыхъхэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** Литературэ тхыгъэхэу плёнкэм щIэуэ тредгъэтхахэр. Нало Ахьмэдхъан (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Адэжь щIыналъэм и макъ» (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «УсакIуэр щыпсэуа унэр». ЩоджэнцIыкIу Алий (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «ХХ лIэщIыгъуэм и антологиер» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «И чэзу дыдэщ» (урысыбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Динымрэ хабзэмрэ» (адыгэбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** Радиом и дыщэ фондым щыщщ (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.50** «ЕджапIэм и пщIантIэм» (урысыбзэкIэ)
**18.50 - 19.00** «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)

**Мэрем, щэкIуэгъуэм и 1**
*Кулиев Къайсын и фэеплъ махуэщ*

**7.10 - 7.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**7.25 - 7.45** «ПщэдджыжьыфIыр цIыхуфIхэм драгъусэу» (адыгэбзэкIэ)
**7.45 - 8.00** «**70 - 80** гъэхэм радиом къитахэм щыщщ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «Мамырыгъэрэ гуфIэгъуэрэ фыщымыщIэну, цIыхухэ!» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.30 - 8.50** «Дунейм нэ гуапэкIэ фыхэплъэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.50 - 9.00** «Адыгэ пшынэжь» (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «НэхъыфI дыдэу слъагъу си уэрэд» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «ГъащIэм сопсалъэ». Кулиев Къайсын (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** Литературэ тхыгъэхэм дыкъоджэ (балъкъэрыбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «Шэрджэс дуней» (адыгэбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Уаз» (диным теухуауэ) (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** Радиом и дыщэ фондым щыщщ (адыгэбзэкIэ)
**18.30 - 18.45** «Спорт щхьэл» (урысыбзэкIэ)
**18.45 - 19.00** «Дызэгъусэу дыкъоджэ» (урысыбзэкIэ)

**Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 2**

**10.10 - 11.00** «Кавказым и пшэплъхэр». Радиожурнал (урысыбзэкIэ)
**11.10 - 11.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ)
**11.25 - 11.40** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.40 - 12.00** МафIэдз Сэрэбий. «Мыщэ лъэбжьанэ» тхылъыр. КIэлъыкIуэр (адыгэбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 3**

**10.10 - 10.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (урысыбзэкIэ)
**10.25 - 11.00** «Ар цIыхубэм ящIыгъуу псэуащ». Кулиев Къайсын (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.10 - 11.35** МафIэдз Сэрэбий. «Мыщэ лъэбжьанэ» тхылъыр. КIэлъыкIуэр (адыгэбзэкIэ)
**11.35 - 12.00** «Ди гъусэу зывгъэпсэху». Концерт (адыгэбзэкIэ)

## «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, жэпуэгъуэм и 28**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Иужьрей махуэ». ЩоджэнцIыкIу Алий (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.30** «УпщIэ нагъыщэ» (12+)
**18.00** «Зэманым и лъэужьхэр». ЩоджэнцIыкIу Алий (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Гъубж, жэпуэгъуэм и 29**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Къайсын и макъамэ». Япэ Iыхьэ (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.30** «ЛIакъуэ». Дейскэ къуажэ. Етхуанэ фильм (12+)
**18.00** «Зэманым и лъэужьхэр». ЩоджэнцIыкIу Алий (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Бэрэжьей, жэпуэгъуэм и 30**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Ди щIэинхэр». Црым Руслан и нарт эпос. Ещанэ Iыхьэ (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.30** «Пшынэр зыгъаджэ». Лосэн Тимур и юбилейм ирихьэлIэу (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Махуэку, жэпуэгъуэм и 31**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Къайсын и макъамэ». ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.30** «Литературэ къеджэныгъэхэр» (12+)
**17.50** «Рифмы на Рицце» (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Мэрем, щэкIуэгъуэм и 1**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Ди щIэинхэр». Тхыдэ фэеплъхэр (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.30** «Си Шэджэм». Кулиев Къайсын къыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу (12+)
**17.55** «Макъамэм и лъахэ». «Кабардинка» къэфакIуэ гупым и ветеранхэр. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 2**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**8.20** ЩIыпIэ зэман. Щэбэт (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**20.50** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 3**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. Федеральнэ щIыналъэм щыхъыбархэр (12+)
**8.20** ЩIыпIэ зэман. Тхьэмахуэ (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (12+)

## «Россия 24» «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, жэпуэгъуэм и 28**

**15.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (12+)
**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Гъубж, жэпуэгъуэм и 29**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)

**Бэрэжьей, жэпуэгъуэм и 30**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Махуэку, жэпуэгъуэм и 31**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)

**Мэрем, щэкIуэгъуэм и 1**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 2**

*Лажьэркъым*

**Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 3**

**13.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (12+)

# ГуащIэмрэ щIэныгъэмрэ зэзыпхыфа

## (ЩIэныгъэлI Шурдым Гъэзалий псэужамэ, илъэс 90 ирикъунут)

**Псыпэр зэрыкIуэм псыкIэр ирожэ, жиIащ адыгэм. Зи щIэныгъэр цIыхум ифI зыхэлъым хуэзыгъэщхьэпэ, ар къыдэкIуэтей щIалэгъуалэм гъуазэ хуэзыщI цIыхум и лъэужьым кIуэд иIэкъым. ЩIэблэр унэтIа къудеймэ, я пащхьэ къиувэ упщIэбэм я жэуапыр япэ итахэм деж сыт щыгъуи къыщалъыхъуэнущ. Армырмэ, сыт хуэдэ щIэныгъэми зиужьынукъым, сыт хуэдэ щIэщыгъуэми кIуатэ иIэнукъым. ЩIэныгъэм пылъ цIыхум хьэкъышхуэ и пщэ къыдохуэ: щIэр къихутэни, ар зэIубз щIауэ утыку кърихьэни, зыхуэгъэза щIалэгъуалэм зэрызыхащIыкIын бзэр зэригъэпэщыни хуей мэхъу. Ахэр зыхузэфIэкIым и IэкIэ фIыщIэ жыг зыхухисэжа хуэдэщ. Апхуэдэу мы тхыгъэр зытеухуа, къытхэтыжамэ, зи ныбжьыр илъэс 90 ирикъуну щыта Шурдым Гъэзалий псэу щIыкIэ хузэфIэкIащ и гуащIэдэкIымкIэ и цIэр лъагэу иIэтын, къызэринэкIа и Iэужь-IэщIагъэхэр щIэныгъэм лъэ быдэкIэ щигъэувын.**




УФ-м цIыхухэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Урысейм естественнэ щIэныгъэхэмкIэ академием и член-корреспондент, ЩIДАА-м и академик, КъБКъУ-м Химиемрэ биологиемкIэ и институтым физическэ химиемкIэ и кафедрэм илъэс куэдкIэ и унафэщIу щыта, химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Шурдым Гъэзалий къикIуа гъащIэ гъуэгуанэр лъэныкъуэ куэдкIэ хьэлэмэтщ, умыгъэщIэгъуэни плъэкIыркъым. Физическэ химием теухуа щIэныгъэм щхьэхуэу ди щIыналъэм зэрызыщиужьар, ди щIыпIэм и щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэм ящыщу вольфрамымрэ молибденымрэ ятещIыхьа къэхутэныгъэхэр унэтIыныгъэ щхьэхуэу химием зэрыщыувар Шурдымым и цIэм гуэх имыIэу епхащ. КъищынэмыщIауэ, къыхэгъэщын хуейщ лъэпкъ щIалэгъуалэм химие щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкIэ Шурдым Гъэзалий лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкIуэкIар, а Iуэхум и лъабжьэ зэригъэтIылъар.

Еджагъэшхуэр къыщалъхуари и сабиигъуэр щыкIуари Зеикъуэ (ХьэтIохъущыкъуей Ипщэ) къуажэрщ. Шурдым Къасботрэ Сурэтрэ 1934 гъэм я унагъуэм къихъуа щIалэ цIыкIур, зэрыжаIэщи, драхьеймэ, гъущIэу, кърахьэхмэ, щIытэу, Iыхьлыри гъунэгъури зыщыгуфIыкI сабийт. Гъэзалий зыфIаща щIалэ цIыкIум епхауэ зы хъыбар кIапэ щыIэщи, гъэщIэгъуэн хъуну къысщохъу ар мыбдеж къыщысхьмэ. Зеикъуэ къуажэм дэс нэхъыжьхэм деж IуэрыIуатэр щызэхуэтхьэсыжу Гъэзалий и адэ къуэшым ипхъу Шурдым (Жылау) Мэрян зыхуэдгъэзат, ищIэр къедгъэIуэтэжыну. Къэбэрдейм ит къуажэхэм къыщемыкIуэкIыу, ХьэтIохъущыкъуей жылэхэм зы хабзэ дэлъащ, гуащэ хъуэхъукIэ еджэу. Ар тфIэгъэщIэгъуэнти, абыкIэ ди уэршэрыр дублат. Дунейм къытехьа сабийр ХьэтIохъущокъуэхэ я гуащэм деж яхьрэ, кърагъэхъуэхъуу, цIэ къыфIрагъэщу щытащ. Мэрян зэрыжиIэжымкIэ, гуащэр дунейм щехыжым, зэры-Къэбэрдейуэ фIыуэ къацIыхуу щыта Пщыгъуэтыж-хьэжыжькIэ зэджэм и нысэ КIуэкIурашэ ириджэри уэсят къыхуищIыжат, и цIэр цIыхум яIэщIэмыхужын папщIэ, «гуащэ хьэкъщ» жиIэурэ къуажэдэсхэм къащIэхъуэ щIэблэщIэм ехъуэхъуныр и пщэ дилъхьэжыну. Арыххэуи, ищхъэрэ жэмыхьэтым КIуэкIурашэ тхьэпщ нанэу яIащ. ГъэщIэгъуэныращи, ар езыр Шурдым Гъэзалий и адэ шыпхъут. ЩIалэ цIыкIур дунейм къыщытехьэм, хъыдан жэрумэм кIуэцIылъу КIуэкIурашэ деж яхьащ, кърагъэхъуэхъуну, хъуэхъу хьэлывэр хъуэхъуакIуэхэм къахуригъэгуэшыну. Сабийр зыIэщIалъхьа нанэм и тхьэкIумэ Сурэт иригъэIуат, жеIэ Мэрян, еджагъэшхуэ къищIыкIыну хъуахъуэмэ зэригуапэр. КIуэкIурашэми лъэкI къигъэнакъым, дэлъху быныр къищтэри, щIэныгъэм и лъащIэр къиIэту цIыхушхуэ къищIыкIыну хуэлъэIуащ. Псалъэм фIэщхъуныгъэ хэлъмэ, къаруушхуэ иIэщ, жаIэ. Мы хъыбар кIапэр щыхьэт тохъуэ Шурдымхэ я унагъуэм щIэр я гуапэу, щIэныгъэр ямыхамэу зэрыщытам.

Нанэ Iумахуэм и хъуэхъубзэр къылъысами хэт ищIэн, ауэ езы щIалэ цIыкIур гурыхуэу, илъагъур щымыгъупщэу, зэхихыр зыхилъхьэу къэтэджащ. Курыт еджапIэм щыщIэса илъэсхэми къыдеджэхэм къахэщырт. ЦIыкIу щIыкIэ псом дежи нэрылъагъу хъуат ар щIэныгъэ-егъэджэныгъэ гъуэгум зэрытеувэнур...

ЩIыуэпсым, абы и хъугъуэфIыгъуэхэм я зэхэлъыкIэ-зэпкърылъыкIэм епха щэхухэр къэхутэным пасэ дыдэу дихьэхащ Гъэзалий. Курыт еджапIэр къызэриухыуи, Къэбэрдейм егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр и институтым естествознаниемкIэ и къудамэм щIэтIысхьащ. Хъарзынэуи хэзэгъащ, къэхутэныгъэ лэжьыгъэр IэщIагъэ зэрыхуэхъунури мыбдеж щIэх къыщыгурыIуащ. Абы и щыхьэтщ щIэныгъэ нэхъыщхьэр зрагъэгъуэту еджапIэр 1957 гъэм къэзыуха гупым ящыщу Шурдым Гъэзалий фIэкIа нэгъуэщIым къэхутэныгъэм зэрызримытар. Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, ди щIыналъэм щыщу химиемкIэ кандидат цIэр япэу зыгъуэта цIыхуищым Шурдымыр язщ, физическэ химиемкIэ докторыцIэр зыхуагъэфэщахэм ар я япэщ.

Сыт хуэдэ Iуэхуми къежьапIэ иIэщ, абы зиубгъунуми зэлъытар лъабжьэм и быдагъырщ. Ар лъэпкъ жыг ебгъэщхь хъунущ - жыгыр щIым зэрыхэт къуэпсхэр быдэмэ, зеужь, хохъуэ, и щхьэпэм жьауэ идзу хуожьэ. Iуэхури абы ещхьщ: мащIэм деж къыщожьэ, хэхъуэурэ мэкIуатэ. Шурдымым къыщхьэщыта егъэджакIуэхэр IэнатIэмкIэ жэуаплыныгъэшхуэ зыхь, кърахьэжьа жэрдэмыр екIуу зыгъэзащIэтэти, езыми а щэн зыхилъхьэфащ. Дунейм тетыху, Шурдым Гъэзалий пщэрылъ зыщищIыжыр къызыхуэтыншэу зэрызэфIихыным хущIэкъуащ, и гъащIэ гъуэгум къытехьа и гъэсэнхэри абы хуиущиящ.

«Дыжьыныр ягъэджылри япщэж, дыщэри ягъэткIури якIыщтэ», - жиIащ адыгэм. Ар зи Iуэхур гъукIэрамэ, абы зы мащIэкIи къыкIэрыхуркъым егъэджакIуэм и IэнатIэри. «ЩIэныгъэр умыпщэжмэ, къыщIэкIынур щIакIэщ», - яжриIэрт Гъэзалий иригъаджэхэми, и ужьым къиувахэми, апхуэдизкIэ ар зыхуэткIиирт, апхуэдизкIэ пхиш гъуэгум ар хуэхьэкълыти. И Iуэхум хуэпэж Гъэзалий щIэхъуэпсырт езым и гузэхэщIэм хуэдэ и гъэсэнхэми яIэу къигъэтэджыну, зэпымычу яжриIэрт езыхэр я щхьэкIэ пэжу щымытмэ, нэгъуэщIым зэрыхуэмыщыпкъэфынур, я гур гъэтIылъауэ, зыри къафIэмыIуэхуу зэрыпсэунур.

Шурдым Гъэзалий дапщэщи хущIэкъуащ щылажьэ КъБКъУ-м химие щIэныгъэм щиIэ увыпIэр зэрыщиIэтынум. А гуращэхэр зригъэхъулIэн папщIэ абы физическэ химиемкIэ кафедрэщIэ къызэIуихыну триубыдащ. ИкIи СССР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм а гупсысэр къыдиIыгъри, кафедрэр къызэIухынымкIэ унафэ къищтауэ щытащ. ЖыIэн хуейщ а Iуэхум мыхьэнэшхуэ зэриIар - физическэ химиер езыр химие щIэныгъэ псом и лъабжьэщ. А гукъэкIым и фIыгъэкIэ еджапIэр къэзыух ныбжьыщIэ куэдым Iэмал ягъуэтащ химием пыщIа индустриер зыхуэныкъуэ IэщIагъэхэм зратыну, лэжьапIэ IэнатIэ куэд щIэуэ къэунэхуну.

Апхуэдэу Шурдымым хузэфIэкIащ КъБКъУ-м физическэ химиемкIэ кандидат икIи доктор диссертацэ лэжьыгъэхэр щыпхагъэкI совет къыщызэIуихын. А Iуэхум КъБКъУ-м къэралпсо мыхьэнэ кърищащ, советым щекIуэкI лэжьыгъэм и пщIэри лъагэу къиIэтащ. ХимиемкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэтхэр лэжьапIэкIэ къызэгъэпэщыным хуэгъэзауэ Шурдымым иригъэкIуэкI лэжьыгъэм къыдэкIуэу, а унэтIыныгъэри лъэ быдэкIэ зэрыувынум хузэфIэкIыр ирихьэлIэу екIуэкIащ.

КъБКъУ-м химиемкIэ и къудамэр факультет щхьэхуэ хъун хуейуэ къыхэзылъхьауэ щытари Шурдым Гъэзалийщ. Абы фIы дыдэу къыгурыIуэрт химием пыщIауэ кафедрэ зыбжанэ щыщыIэкIэ, совет щхьэхуэ къыщызэрагъэпэщакIэ, IэщIагъэлIхэр щагъэхьэзыр лъэщапIэхэр яIэ щыхъуакIэ, факультет цIэр къудамэм къыхуагъэфащэмэ, и зэфIэкIхэр нэхъ лъагэ зэрыхъунур, къэралпсо щIэныгъэхутэ институтхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ зэрадэлэжьэфынур. Псори зыхуэунэтIар зыт - химие щIэныгъэм и пщIэр щIыналъэм щыIэтынырт, абы и мыхьэнэр цIыхухэм зыхегъэщIэнырт. ИкIи къехъулIащ а гуращэри Гъэзалий. Къудамэр факультет хъуа нэужь, къыщIэтIысхьэхэм я бжыгъэм хэхъуащ, щIэныгъэ лэжьыгъэм зезытхэр хэпщIыкIыу нэхъыбэ хъуащ, IэнатIэм щекIуэкI къэхутэныгъэм къэралым гулъытэ хэха къахуищIу хуежьащ.

Факультет цIэр къыдэпхкIэ зэфIэкIынутэкъым, абы лъабжьэ быдэ иIэн хуейт. БлэкIа лIэщIыгъуэм и 70 гъэхэм Шурдымым щIэныгъэ-къэхутакIуэ лъэщапIэ къызэригъэпэщащ. Ар сыт и лъэныкъуэкIи къызэригъэпэщат абы - щIэтыну цIыхухэр къыхихат, щIыкIэр игъэпсат, зэлэжьыну Iуэхугъуэхэр иубзыхуат, зэрылэжьэну Iэмэпсымэхэри зэригъэуIуат. ПIалъэ кIэщIым къриубыдэу Шурдымым и лъэщапIэм ди къэралым и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэр къэгъэнауэ, хамэ къэралхэм щыщ еджагъэшхуэхэр, академик цIэрыIуэхэр къакIуэу хуежьащ. Шурдымым и гуащIэр псоми Iуэхутхьэбзэу къалъытэрт, и фIыщIэри къыхагъэщырт.

ЛъэщапIэм щекIуэкI лэжьыгъэм зи IэщIагъэм хэзыгъэхъуа, химие щIэныгъэм деж мыхьэнэ щызиIэ Iуэхугъуэхэр къэзылъэгъуа цIыху зыбжанэм иужькIэ Шурдымым дежкIэ диссертацэхэр щатхыжащ. Апхуэдэу абы и нэIэ щIэту цIыху 15-м кандидат лэжьыгъэр, цIыхуитхум доктор лэжьыгъэр ехъулIэныгъэкIэ пхагъэкIащ. Зи гупсысэр жан Гъэзалий щIэныгъэхутэ ныбжьыщIэхэр зэригъэгъуэзэн, къыхаха Iуэхугъуэхэм щIэуэ хилъхьэн гупсысэ нахуэхэр зэраритынум хущIэкъуащ, ежьа хъуа гъуэгум гъэзапIэ лей къызэрыхэмыкIыным хуэдэуи, диссертацэхэр теориемрэ щапхъэхэмкIэ зэщыщхъу зэрищIынум иужь итащ. Емышыж мэшыбэщ, жаIэ, Гъэзалий щхьэх имыIэу игъэкIуэта лэжьыгъэхэм утыку ягъуэтащ, щIыпIэ Iэджэм щыIэ щIэныгъэ центрхэм дежи щIэупщIэ щагъуэтащ.

ГъущIыкIэ щхьэхуэхэр шыгъукIэ гъэткIуным епха щIыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр япэ дыдэу къэзызыхутар Шурдым Гъэзалийщ. Техникэмрэ технологиемрэ зауэжьыным хуэгъэза лъэбакъуэшхуэщ ар: гъущIыкIэм хэлъ щытыкIэ пыухыкIахэр мыкIуэду шыгъукIэ пкърыпкъыу зэхэбгъэкIыныр щIэныгъэ нэс зыхуэныкъуэ бгъэдыхьэкIэт. КъызэралъытамкIэ, ар дунейпсо мыхьэнэ зиIэ къэхутэныгъэщ.

Къызэрыхэдгъэщащи, Шурдымым химием унэтIыныгъэ щхьэхуэм зыщригъэужьащ - щхьэпагъ куэд зыпылъ вольфрамымрэ молибденымрэ кууэ елэжьащ. ЩIэныгъэлIым хузэфIэкIащ а мывэ лIэужьыгъуитIыр нэхъ тыншу къызэрыхэпхыну щIыкIэхэр, абыхэм цIыхум и псэуныгъэр нэхъ тынш зыщI, щIэныгъэр ипэкIэ зыгъэкIуатэ пкъыгъуэщIэхэр къызэрыхэпщIыкIын Iэмалхэр къигъуэтын. Вольфрамымрэ молибденымрэ ятеухуауэ Гъэзалий иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм тхыгъэ 50-м щIигъу къызэщIаубыдэ. Къыхэгъэщын хуейщ Шурдымым и бгъэдыхьэкIэм СССР-м иIа заводхэм я Iуэхур тращIыхьу зэрыщытар.

ЕджапIэ нэхъыщхьэм гуащIафIэу щригъэкIуэкIа лэжьыгъэм къыдэкIуэу, курыт еджапIэхэм химиер зэрыщаджын Iуэхуми кIэлъыплъырт Шурдымыр. ЩIэныгъэм хущIэкъу ныбжьыщIэхэм я гъуэгу иузэхуу лъабакъуэ зыбжанэ ичащ. Абыхэм ящыщщ, еджакIуэхэм папщIэ зэпеуэхэр къызэригъэпэщу, егъэджакIуэхэм щхьэкIэ я IэщIагъэм щыхагъахъуэ курсхэр зэхишэу зэрыщытар. Апхуэдэу Гъэзалий елэжьащ курыт еджапIэхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ зэпыщIауэ зэрызэдэлэжьэну щIыкIэм, яхэтащ курыт еджапIэхэм химие щIэныгъэр зэпымыууэ икIи нэхъ кууэ зэраджынур. Абы и лъэныкъуэкIи щапхъэ игъэлъэгъуауэ жыпIэ хъунущ щIэныгъэлIым. Хэку зауэшхуэм и лъэужь бзаджэхэр къызытена еджапIэр, езым къиухар, зэзыгъэпэщыжахэм ар яхэтащ, зы илъэскIи химием ныбжьыщIэхэр дригъэхьэхыу егъэджакIуэуи щылэжьащ.

Шурдымым щIэныгъэ куу бгъэдэлъащ, къызыхэкIа лъэпкъым и пщIэр и къарукIэ щIэныгъэм къыщызэщIигъэлыдащ, лъэпкъ Iумахуэм и щэнхабзэ лъагэр ди къэралым и щIыпIэ куэдми, хамэ къэрал Iэджэми щигъэлъэгъуащ. Шурдымым и жэрдэмкIэ ди щIыналъэм щекIуэкIащ дунейпсо, къэралпсо икIи щIыналъэпсо мыхьэнэ зиIэ щIэнIуатэхэр, зэIущIэхэр, зэхуэсхэр. Абы и къалэмыпэ къыщIэкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэ 450-м щIигъу, зэхигъэуващ студентхэр зэреджэну тхылъ пщIы бжыгъэкIэ, къыдигъэкIащ егъэджакIуэхэм яхуэщхьэпэну методикэ гъуазэхэр. Ахэр зэрыщыту химие щIэныгъэм и дыщэ гъэтIылъыгъэхэм ящыщщ жыпIэмэ, ущыуэнукъым. Шурдым Гъэзалий и цIэр щIэнгъуазэхэм ихуащ, къигупсыса технологиехэм и цIэр зэрахьэ.

«Адыгэ» псалъэм мыхьэнэшхуэ ириту щытащ Гъэзалий. КъызыхэкIам хуабжьу иригушхуэрт, абы хуигъэфащэ фIырэ дахэрэ щилъагъукIэ, гукъыдэж игъуэтырт, иримыхьэлIэ мыхъумыщIагъэ щыхуэзэкIэ, и гур хэщIырт. Зыхэтыр щIалэгъуалэти, сыткIи щапхъэ яригъэлъагъурт: лэжьыгъэкIэ къэмыланджэт, зэрихьэ цIыхугъэкIэ гуащIэт. ТкIийуэ къащыхъуми, ар къызыхэкIыр къалэнымрэ пщэрылъымрэ зэтес щIын зэрыхуейрт, абы къыщыдэхуэм - адыгэ усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм екIуу къеджэ, поэмэ псохэр гукIэ зэкIэлъызыгъакIуэ, лъэпкъ тхыдэм хэщIыкI дахэ хузиIэ, къыбдэуэршэрыф цIыху Iумахуэ хъурт. ЖыпIэнуращи, и ныб-жьым хуэфэщэн адыгагъэнэхъыжьыгъэ зэрихьэфырт.

Ди щIыналъэм къищынэмыщIауэ, къэралым щыпсэу щIэныгъэлI лъэрызехьэ дыдэхэм ящыщу къекIуэкIащ Шурдым Гъэзалий. ГъащIэ дахэ къигъэщIащ абы, сыт и лъэныкъуэкIи зэгъэпэщауэ, зыщищIыжа къалэнхэм телъыджэу ехъулIауэ, гъащIэм гукъыдэж ин хуиIэу. Абы и щIэныгъэр лъэпкъым дамыгъэ зэрыхуэхъуам шэч хэлъкъым. Ар жьыщхьэ махуэу дунейм ехыжащ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, насыпышхуэу къэлъытэн хуей цIыху лъагъуныгъэмрэ Iулыджымрэ иIащ, пщIэшхуэ къыхуащIащ. Дызэрыт лIэщIыгъуэр технологие зыужьыныгъэм хуэщIащ. Зэманым екIур лIыфIщ, жаIэ. Лъэпкъыр абы зэрыдекIуэкIын хуейр зыхэзыщIэр лъэхъэнэм и лIыхъужьщ. Шурдым Гъэзалий а цIэр нэгъэсауэ хуэфащэщ.

*Тхыгъэри сурэтри зейр*
**ТАБЫЩ Муратщ.**



# Усыгъэм и къэухьыр инщ

**«Рицэ деж рифмэхэр» абхъаз-адыгэ фестивалыр «Жан» зэгухьэныгъэм зэрыригъажьэрэ илъэситху мэхъу. Ар зыхиубыдэ Iуэхур, «Усыгъэр къокIэрэхъуэкI» зи фIэщыгъэр, 2008 гъэ лъандэрэ щыIэщ. Зи гъунапкъэхэм ину зиубгъуа фестивалым и зэхэублакIуэщ «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, усакIуэ, драматург Къаныкъуэ Заринэ. Мы гъэм фестивалым и илъэситхур Абхъазым щагъэлъэпIащ. Ар егъэкIуэкIынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъуащ Абхъазым ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и Президент Къанокъуэ Арсен. Къыхэгъэщыпхъэщ, усыгъэм ехьэлIа Iуэхур къызэрыунэхурэ Абхъазым и ЛIыхъужь Сосналы СулътIан и щхьэгъусэ, «Усыгъэр къокIэрэхъуэкI» лэжьыгъэр зыунэтI Сосналы Любовь абы и гупсысэ куэд зэрыхилъхьар.**

ФЕСТИВАЛЫР къыщызэIуахащ Абхъаз къэрал университетым. Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм икIа лIыкIуэхэм псом япэу удз гъэгъахэр тралъхьащ 1992 - 1993 гъэхэм Абхъазым щекIуэкIа зауэм хэкIуэда егъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ я фэеплъым.

ХьэщIэхэм псалъэ гуапэхэмкIэ захуигъэзащ университетым и ректор, академик Гварамие Алекэ. ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ абхъаз-адыгэ филологиемкIэ Анкваб В. П. и цIэр зезыхьэ центрым и унафэщI, «Апсны» газетым и редактор Анкваб Ахрэ. Абхъаз къэрал университетым щрагъэкIуэкIащ адыгей усакIуэ, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист ХьэщIэмыз Сусаннэ и усыгъэ пшыхь. Абы щагъэлъэгъуащ Сусаннэ и адэ, адыгэ усакIуэ Багъ Нурбий и гъащIэм теухуа зы теплъэгъуэ. Багъ Нурбий и усыгъэм щыщ куэд 70 гъэхэм абхъазыбзэкIэ зэрадзэкIауэ, абы щыIэ газетхэмрэ журналхэмрэ традзауэ щытащ. Иджы абхъазыбзэкIэ зэрадзэкI Сусаннэ и IэдакъэщIэкIхэри. УсакIуэ бзылъхугъэр къеджащ иужьу итха усэхэм ящыщ зыбжанэ. Адэшхуэм и тхыгъэхэм фIыуэ щыгъуазэ, анэм литературэм хуищI гулъытэр зыхэзыщIа ХьэщIэмыз Муслъим, Багъ Нурбий и пхъурылъхум, адыгэбзэкIэ усэ къеджэну фIэфIщ, тхэным гу хуищIащи, и япэ тхыгъэхэмкIэ и зэчийр егъэунэхуж. Ар пшыхьым къыщеджащ адэшхуэм и усэхэм ящыщ зыбжанэ. Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Чурей Дыжьын, Абхъаз Республикэм щIыхь зиIэ и артисткэ Квициние Макландэ, университетым филологиемкIэ и къудамэм и студентхэм Iуэхур ягъэдэхащ макъамэрэ уэрэдкIэ.

Къаныкъуэ Заринэ фIыщIэ яхуищIащ университетымрэ абхъаз-адыгэ филологиемкIэ абы хэт центрымрэ я лэжьакIуэхэм.

- Абхъазым щэнхабзэ IуэхукIэ зэпымыууэ дыпыщIащ дэ - Абхъаз университетым и аспирантхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ Налшык нокIуэ, ди сурэтыщIхэри зэкIэлъокIуэ. Сосналы Любэрэ сэрэ гурылъ тщIат нэхъри гъунэгъу дызэхуэзыщIын зы Iуэху зэхэдублэну - апхуэдэуи къэунэхуащ «Рицэ деж рифмэхэр» лэжьыгъэр. Илъэс кIуам Абхъазым ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм ди мурадым теухуауэ зыщыхуэдгъэзам, ар къыддиIыгъа къудей мыхъуу, нэхъри зедгъэубгъун хуейуэ къызэралъытэр къыхагъэщащ. Иджы абы хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Абхъазымрэ нэмыщI, Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Адыгеймрэ я лIыкIуэхэри, - жиIащ Заринэ. Абы щхьэхуэу я гугъу ищIащ мы IуэхумкIэ закъыщIэзыгъакъуэ, ныбжьэгъу пэжхэу яIэ тхакIуэ-усакIуэхэу Лагулаа Анатолэрэ Зантарие Владимиррэ.

- КъуэпскIэ дэ псори дызэпха АбхъазыщIым Iуэху дахэкIэ дыщызэIущIащ. Ди лъэпкъхэр зэпыщIащ тхыдэкIэ, щэнхабзэкIэ, псэкIэ... Дунейм и къекIуэкIыкIэм, псэукIэм псынщIащэу зыщихъуэж мы зэманым, дэ псом хуэмыдэу дызэрыIыгъын, щэнхабзэ, егъэджэныгъэ, щIэныгъэ IуэхухэмкIэ зэпымыууэ дызэкIэлъыкIуэн хуейщ, - жиIащ Лагулаа Анатолэ.

ХьэщIэмыз Сусаннэ жиIащ Iуэхур сыт и лъэныкъуэкIи купщIафIэу зэрекIуэкIыр:

- Дэ, журналистхэр, псалъэм гупсысэ куу щIэтлъхьэным дытолажьэ. Махуэ къэс длэжь Iуэхур щIэщыгъуэ тщIыным и ужь дитщ. Апхуэдэу щыхъукIэ, усыгъэр сэркIэ псэгъэтыншщ. Ар псэм йоIэзэ, гупсысэхэр зэтрищыпыкIыу. Усэр хьэуа Iубыгъуэм хуэдэщ. Фестивалым хэт усакIуэфIхэм сэ захэзбжэным сытегушхуэнкъым, ауэ сэ усыгъэм псэ хэзылъхьэу щыта си адэм срилъэужьщ. ТхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ я гъащIэм къыпащэ хуэдэщ я тхыгъэхэмкIэ. АтIэ, нобэ ди щIалэри сщIыгъуу мы Iуэхум дызэрыхэтым срогушхуэ. Абыи усэ тхыным гу хуищIу щIидзащи, адэшхуэмрэ пхъурылъхумрэ я усыгъэ зыхэщIэм сэ срилъэмыж хуэдэщ, - къыхигъэщащ Сусаннэ.

Фестивалым хэту пшыхь щхьэхуэ къыщызэрагъэпэщащ «Гума» гъущI гъуэгу станцыжьым деж. Гумам и арт-галереем гуп дахэр усэ сатырхэмкIэ щызэпэджэжащ. Абхъазхэр къеджащ КIыщокъуэ Алимрэ МэшбащIэ Исхьэкърэ я сатырхэм, адыгэхэр - Искандер Фазилрэ Шинкубэ Бэгъратрэ я тхыгъэхэм. Мы галереем деж къыщызэрагъэпэщ хабзэщ Iуэху дахэхэр - сурэт гъэлъэгъуэныгъэхэр, пшыхьхэр, концертхэр. «Рицэ деж рифмэхэр» пшыхьри абыхэм ящыщ зы хъуащ.

Зы махуэ хухахащ Члоу къуажэм, Шинкубэ Бэгърат и унэм, щыхьэщIэным. ТхакIуэшхуэр къыщалъхуа, къыщыхъуа лъапсэм зыщаплъыхьащ, уси къыщеджащ гупыр. Шинкубэ Бэгърат и унэр музей ящIыжащ, абдеж щахъумэ тхакIуэм къигъэсэбэпа хьэпшыпхэр, и Iэрытххэр, сурэт гъэтIылъыгъэхэр. Музей пщIантIэм усэ къыщеджащ Члоу къуажэ школым и еджакIуэхэр. Сосналы Любовь хъуэхъуащ мы лъапсэм жьэгур щымыужьыхыну, тхакIуэр цIыхухэм я гум илъыну.

- Шинкубэ Бэгърат и усэ купщIафIэхэм щIэблэр къыщоджэ абы и лъапсэм. Ар куэд и уасэщ. УсакIуэм и псалъэм къару иIэнущ, и жьэгури хуабэу щытынущ, мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэр нэхъыбэрэ щекIуэкIмэ, - жиIащ абы. Габелие Дмитрий унэ-музейм и пщIантIэм къыщеджащ усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм ящыщ зым, Зантарие Владимир Iуэхум хэтхэм захригъэхащ Шинкубэ Бэгърат фэеплъ хуищIа усэр. Пшыхьым щызыхищIахэр иужькIэ усэу итхыжащ Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и журналист Тау Замирэ.

Фестивалым и иужьрей махуэм усакIуэхэмрэ журналистхэмрэ щызэIущIащ Рицэ гуэлым деж. Ахэр псэм ехуэбылIэу зэпэджэжащ усыгъэкIэ. Рицэ усыгъэр щхьэщагъэIукIащ адыгэбзэкIэ, абхъазыбзэкIэ, урысыбзэкIэ. Пщыхьэщхьэм мафIэ цIыкIу ящIри, абы къетIысэкIа гуп дахэр тепсэлъыхьащ литературэмрэ усыгъэмрэ, абхъаз-адыгэхэм я зэпыщIэныгъэм, дяпэкIэ зэдалэжьыну Iуэхухэм.

Гупсысэ щIэщыгъуэхэр, усэ купщIафIэхэр, цIыху зэчиифIэхэр зи къулеягъэ фестивалым мурадхэр и куэдщ. 2025 гъэм Лагулаа Анатолэ, Габелие Дмитрий, Зантарие Владимир я IэдакъэщIэкIхэм ятеухуа пшыхьхэр щекIуэкIынущ Налшыкрэ Черкесскрэ. Абхъаз щIалэгъуалэ театрым и актёр Камкие Саидэ и пшыхь къыщызэрагъэпэщынущ Мейкъуапэ. Сакание Гундэ щагъэлъэпIэнущ Налшыкрэ Мейкъуапэрэ. Абхъазым щекIуэкIынущ адыгэ усакIуэ Чэнджэщауэ Артур и усыгъэ пшыхь.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

**● БзэщIэныгъэ**

# ЩIыгум (щIыпIэм) и зэхэлъыкIэ

**Iуащхьэхэмрэ лъагапIэхэмрэ я инагъырэ зэхэлъыкIэрэ къэзыгъэлъагъуэ псалъэу адыгэбзэм (кIахэ, къэбэрдей диалектхэм) хэтхэм я гугъу тщIынщ:**

**Аранэ** - къуршхэм я папцIапIэ дыдэ, бгы лъагэм и щыгу.

**Бгы** - къэзыухъуреихь щIыпIэм хэIэтыкIа лъагапIэ. «Бгы лъагэ». «Бгым дэкIын».

**Бгыжьэ** - бгы дурэш зэв. «Бгыжьэм и лъабжьэр кIыхьу, кууэ щIэупщIыкIат». (Шортэн Аскэрбий)

**БгыщIэ** - бгы лъапэ.

**БгъуэщI** - бгы нэкIум и щIэдзапIэ Iыхьэу мэз, хъупIэ сытхэр нэхъ зыхуэзэр.

**Бгыху** - мывэсэхуу зэхэлъ бгы.

**Бгыкъипхъ** - лъалъэу, сэху зэтеупIэщIыкIыу зэхэлъ Iуащхьэ мылъагэ. «Бгыкъипхъым и лъапэм мывэ кIэщхъыр щIэзт».

**Бгыпэ** - бгым и гъунэ, нэз. «ЩIалэм псынщIэу еунэтI бгыпэм тет унэ хужьышхуэмкIэ».

**Бгыщхьэ**, **къырыщхьэ** - Iуащхьэ щыгу, мывалъэ бгым и щхьэ.

**Бгы IухьэпIэншэ** - Iуащхьэ задэу дэкIыгъуей.

**Гу** - тIуащIэм, къуэладжэм, псыхъуэм, бгы екIуэкIым ику.

**Губгъуэ** - удз, къэкIыгъэ фIэкIа зэрымыт щIыпIэ («дэнэкIэ зыбгъазэми, гум зыщиубгъу» жыхуиIэщ).

**Губгъуэшэкъракъ** - зыри щымыпсэу, къэкIыгъэ щIагъуи къыщымыкI губгъуэ нэщI.

**Бгыуанэ**, **гузэпыщIэ**, **зэпыщIэ** - IуащхьитI зэхуакур зэпызыщIэ шытх екIуэкI, тхыцIэ хэшам и нэхъ лъахъшапIэ, уанэгум ирагъэщхь щIы Iыхьэм апхуэдэу йоджэ. «Игужь ипщэм къежэха шумрэ игужь ищхъэрэм къежэха мыщэмрэ гузэпыщIэм щызэIущIащ (IуэрыIуатэ). Къыхэгъэщыпхъэщ, «щхьэдэхыпIэ» (перевал) мыхьэнэ зиIэу осетиныбзэм къыщыунэхуа «эфцэ-г» фIэщыгъэр адыгэбзэм хэт «пщэ» псалъэм къытехъукIауэ жызыIэхэри лъахэхутэхэм зэрахэтыр, «п»-р «ф»-м, «щ»-р «с/ц»-м хуэкIуэу, псалъэщIэ къэзыгъэхъу «г»-м щызэрипхыжауэ.

**Гъуэдыдж** - гъуэ, бгъэнщIагъ куу. «Чей лъабжьэм и щIэм зы гъуэдыдж гуэр иIэт, унэмыплъысу» (IуэрыIуатэ). «Ар зы махуэ гуэр зекIуэ къикIыжу къуршымкIэ къыщыщхьэдэхыжым, зы гъуэдыдж гуэр IущIащ» (Адыгэ IуэрыIуатэ).

**Гъуэжлау** - гъуащхьэ куэд зиIэ щIыпIэ. «Iуащхьэ лъапэм ущымыжей, гъуэжлау Iуфэхэм убгъэдэмыхьэ» («Iуащхьэмахуэ» журнал).

**Гъуэфылъэ** - Уэх. Псыжь, Инжыдж псыхъуэхэм дэс адыгэхэм я деж щызекIуэ псалъэщ. «Шыхъуэм шы гуартэр IуащхьэжьитIым яблихури гъуэфылъэм ириутIыпщхьащ» (IуэрыIуатэ).

**ДамэщI** - мыри къэбэрдей хьэжрэтхэмрэ беслъэнейхэмрэ я деж щызекIуэ псалъэщ / бгы, лъагапIэхэм яIэу узрихьэлIэ дапхъэ, занщIапIэ. «Мэкъу дыгъэл IэтэшхуэхэР джабэ дамэщI цIыкIухэм къоувэ».

**ДэкIыней** - узыдэкIыну гугъу. «Адрей бжьэпэхэр задэщ, дэкIынейщи, уи щхьэр ерагъыу пхудэх къудейщ» («Iуащхьэмахуэ» журнал).

**Джабэ** - Iуащхьэбгъу, бгым и нэкIу.

**Жьанэ** - къырылъэ къуэладжэр щиух, и лъабжьэхэмкIи и бгъуитIыр щызэхуэкIуэ щIыпIэ. «Дэ дыкъущхьэт, къущхьэ жьанэм дыщалъхуат, Дэ дыкъэзылъхугъэри дыщэкI унагъуэти, ар мэунэ» (IуэрыIуатэ).

**Жьэгъу** - бгым, Iуащхьэм и лъабжьэ.

**Къуэ** - щIы хэIэтыкIа хэукъуэдиикIа тIум я зэхуаку.

**Къуапэ (къуагъ)** - щIыпIэ гуэрым адэкIэ щыIэ.

**Къушъхьэ**, **къущхьэ** - бгы.

**КъушъхьэцакI (къурш дзакIэ)** - бгым и дзакIэу щыхупIэм екIуалIэр.

**Къушъхьэшыгу (къущхьэ щыгу**, **къурш щыгу)** - бгым и щхьэкIэ, и нэхъ лъагапIэ дыдэ.

**Къурш** - мывэ скъару зэхэт бгы лъагэ зэдекIуэкI.

**Къурш тхыцIэ**, **къырыдзэ** - бгыхэр, Iуащхьэхэр зэпызыщIэ шытхыщхьэ (гузэпыщIэ).

**Къурш пхыдза** - жыжьэу къэлъагъуэ бгы закъуэ.

**Мыжъобг (мывэбг)**, **къыр** - мывэу зэхэт Iуащхьэ.

**Мывэхъунэ** - мывэ сэрей.

**Мыжъобгышху (мывэ бгышхуэ)** - мывэ скъару зэхэт Iуащхьэшхуэ.

**НэкIу** - Iуащхьэм и къехыпIэ.

**Нэпкъ** - бгым и щыхупIэ.

**Къандзэгу**, **пыртыкъ**, **хъанцэгу**, **хъандзэгу** - щIы щхьэфэм къыдэшеяуэ иIэ Iуащхьэ цIыкIу (хъумпIэцIэджылъэ). «Къандзэгу пэтрэ гу егъэуфэрэкI» (Псалъэжь).

**Лъапэ (Лъэгу)** - Iуащхьэм, джабэм и лъабжьэ дыдэ.

**Шыгу**, **пшъаIу (шапс.)**, **щыгу** - бгым и щхьэкIэ, джабащхьэ.

**Шытх** - бгыщхьэ екIуэкI.

**Щхьэ** - бгыщхьэ, Iуащхьэм и нэхъ лъагапIэ.

**Пэнтх**, **сэнтх**, **сэтх** - тхыцIащхьэ, бгыщхьэ тафэ, джабащхьэ, бжьэпэ. «Шу гупыр сэнтхым нызэрыдох».

**Тхы** - бгыщхьэ лъагэ зэдекIуэкI.

**Тхып** - тхыцIэ щыхупIэ, IуащхьитI зэхуакум и нэхъ лъагапIэ.

**Iуашъхь (Iуащхьэ)** - егъэзыхыгъуэ мащIэ зиIэ бгы хэIэтыкIа.

**Iошъхьажъый (Iуащхьэ цIыкIу)** - джабэ егъэзыхыпIэ бгы цIыкIу.

**Iуащхьэдэс (жьы)** - бгырыс.

**ХЬЭТЫКЪУЭ ЩауапцIэ.**






**● Жыlэгъуэхэр**

## Узымышэчыну къудамэм узыlэпешэ

♦Тхьэкlумэ lувым зыхуейр нэхъ lупщlу зэхех.
♦Тхьэмадэфlри гупым егъэулъииф.
♦Тхьэмыщкlагъэм уемыжьэми, щежьэжкlэ узыпегъаплъэ.
♦Тхьэмыщкlагъэм къытригъэувэмэ, шей къари уефэнущ.
♦Тхьэмыщкlэм и бжэнри жэму мэбу.
♦Тхьэмыщкlитl я унафэ къутэжыгъуафlэщ.
♦Тlум ябзыщl щэхур ещанэм игъэхъыбарырт.
♦Тlур зэзыгъэкlужыр езыр лей мэхъуж.
♦Уафэм щещlэ хъыринэр щlэзыупскlэн хуэныкъуэкъым.
♦Узэджэр къокlуэ, узэмыджэр къожэ.
♦Узэмыджэ уриджэрейщ.
♦Узымышэчыну къудамэм узыlэпешэ.
♦Узэрыщымыта хъугъуафlэщи, узэрыщыта хъужыгъуейщ.
♦Узыгъэтlыс уиубыжмэ, уджэла пэлъытэщ.
♦Узыгъэхуабэр уи жьэгущ, укъэзыхъумэр анэгущ.

**● Псалъэхэм я мыхьэнэр**

## Гъунэгъу Iыхьэ

Унагъуэм хьэщlэ къыхуэкlуауэ хьэщlэныш хуаукlамэ, тхы lупщlэ, зы блэгъур, щхьэ щlэлъэныкъуэ сэмэгур ягъавэрти, ипщэрэ ищхъэрэкlэ къыщыс я гъунэгъухэм хурагъэхьырт. Щхьэ щlэлъэныкъуэр зыхурагъэхьыр лlыжь нэхъыжь зэрыс унагъуэрат. Хабзэр иджыри кlуэдыжакъым.

## Жэмхэгъасэ

Ижь зэман лъандэрэ фызышэм хэту къекlуэкlа хабзэщ. Пщыхэм, уэркъхэм япхъухэр щрагъашэкlэ, я пщылlхэм щыщ зы хъыджэбз гъусэ хуащlырти ягъакlуэрт. Абы «жэмхэгъасэкlэ» еджэрт. Жэмхэгъасэр зы илъэскlэ нысащlэм къыхуищl и унафэу, абы и lуэхутхьэбзащlэу щытт. Илъэсыр дэкlа иужь ар кlуэжыну е нысащlэм и пщылlу къэнэну хуитт. Жэмхэгъасэу зэрыщытым папщlэ, абы зы жэм, шы е вы иратырт. Пщырэ пщылlрэ щымыlэж хъуа нэужь, «жэмхэгъасэу» я благъэ ягъакlуэу щытащ.

Хабзэр XIX лlэщlыгъуэм и кlэхэм кlуэдыжащ

**● Гушыlэ**

## «Къуэшрокъуэр пlащlэри унакъым»

Зы мэкъумэшыщlэ бей нэпсей гуэрым мэкъу къыдишыжыну Хъуэжэ лlыщlэу къищтащ. Мэкъугуитl къритыну, лэжьэгъуэ махуэ къэс фlыуэ къигъэшхэну лlыщlапщlэу зэраухылlат.

Япэ махуэм жьыуэ къэтэджхэри, тlури зыгукlэ мэкъушэ кlуащ. Лажьэхэурэ пщэдджыжьышхэр блэкlащ, шэджагъуашхэри къэблэгъащ, ауэ лlым зыри жиlэртэкъым. «Иджы дыбгъашхэтэм», - жиlэурэ Хъуэжэ тlэущэ абы елъэlуащ, арщхьэкlэ нэпсеижьым гъуэмылэ зыдимыщтауэ къыщlэкlащ.

- Умыпlащlэ, Хъуэжэ. Къуэшрокъуэр пlащlэри унакъым, - жиlэурэ щхьэпригъэлъэфырт.

Арати, мэкъугур кърalъхьэри, лlым lумпlэр иlыгъыу, Хъуэжэ гум и ужь иту къеЖьэжахэщ. Къакlуэурэ зы джабэ егъэзэкlыгъуэ задэ гуэрым къызэрыкlэрыхьэу, гур уфэрэкlыу щlидзащ.

- Уэ-хьэ-хьай, Хъуэжэ, псынщlэу зыкъыщlэгъакъуэ, гур сфlоуфэрэкl, - жиlэурэ лlыр къэкlийрт.

- Умыпlащlэ. Къуэшрокъуэр пlащlэри унакъым! – жиlэу Хъуэжэ къэкlиижурэ мэкъугур къуэм дэхуэри нэпсеижьым ивхэр иукlащ.

**● Шхыныгъуэ**

## Зэпкърымыхауэ гъэжьа тхьэкlумэкlыхьыл



Зи фэ траха тхьэкlумэкlыхьыр ятхьэщlри ягъэгъущыж. И бгъэлэгубэм хуэзанщlэу и кlыхьагъкlэ зэгуауд, и бгъуагъкlэ зэгуатхъри, пхъэ уадэкlэ е бэлагъкlэ яупlэ хуэдэу ящl. Шыгъу тракlутэри, lэкlэ яlуэтурэ фlыуэ лым хагъэхьэ, итlанэ тебэшхуэкlэ тхъу къагъэплъ, абы тхьэкlумэкlыхьым и щlыбыр къыдэгъэзеяуэ иралъхьэ. Тебащхьэр трапlэри, зэрагъэдзэкlыурэ тхъуэплъ хъуху ягъажьэ, мафlэ иным тету.

Итlанэ тебащхьэр трах, шатэ фlыуэ тракlэри хьэкулъэм ирагъэувэ. Дакъикъи 10 - 15-кlэ ягъажьэ. Тебэр хьэкулъэм кърахыж, абы халъхьэ бжьыныху убар, шыбжий сыр ущэбар, псы щlыlэ тlэкlу щlакlэри тебащхьэр тепlауэ мафlэр щабэ дыдэу блэуэ хьэзыр хъуху ягъэбэкхъ.

lэнэм щытрагъэувэнум и деж тхьэкlумэкlыхь бэкхъар lыхьэ-lыхьэу зэпаупщlри тепщэчым иралъхьэ. Абы тракlэж зэрагъэжьа дагъэмрэ езым къыщlэжа псымрэ. Яшх пщтыру, пlастэ хуабэ е щlакхъуэ и гъусэу.

*Халъхьэхэр:* тхьэкlумэкlыхьу - 1 (г 3000), тхъуурэ - г 300, шатэу - г 150-рэ, бжьыныху укъэбзауэ - г 100, псывэу - г 250-рэ, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

# Псалъэзэблэдз

*Екlуэкlыу:* **1**. Пlастэ, мырамысэ сыт хуэдэхэр щащlкlэ зэрапщ пхъэ хьэнцэ цlыкlу. **3**. Жыг лъэпкъ, и пхъэр щабэу, гъэгъа гъуэжьхэр мэкъуэуэгъуэ мазэм къыпидзэу. **6**. Къуалэбзухэр, джэдкъазхэр щыкlэцl, щыгъуалъхьэ, шырхэр къыщраш кумбыгъэ егъэзыпlэ. **8**. Тхьэвым къыхэщlыкlауэ дагъэкlэ гъэжьа адыгэ шхыныгъуэ. **9**. Унэм щагъэхъу, губгъуэми щыпсэу, псым фlыуэ щес джэдкъаз лlэужьыгъуэ. **12**. Бжьэхуцым къыхэщlыкlа щэкl lув лъэпкъ. **16**. Пащтыхь, уэлий, къэрал, хэку унафэр зыlэщlэлъ. **18**. Жыгым е пхъэм тета къудамэхэр гъууэ пыщlыкlыжа е паупщlа иужькlэ, пхъэм къыхэнэр. **19**. Дзахъэ зыlут, щхьэц зэражь хьэпшып. **20**. Нэм щыщlагъэ иlэмэ, зэплъыр нэхъыфlу илъагъун е нэр хъума хъун щхьэкlэ lуалъхьэ нэрыплъэ. **21**. Илъэситl къэс зэ къэкl, зи тхьэмпэхэр пхъашэ, гъэгъа плъыжь-фlыцlафэ зиlэ, зи лъабжьэр хущхъуэу, шхынхэлъхьэу къагъэсэбэп губгъуэ къэкlыгъэ.

*Къехыу:* **1**. lуэрыlуатэм куэдрэ узыщрихьэлlэ псэущхьэ шынагъуэ, щхьэ зыбжанэ пыту, псыр иубыду. **2**. Гъуаплъэм къыхэщlыкlа шыуанышхуэ. **4**. Щlым дыгъэм и хъуреягъыр зэ къызэрикlухьым кърикlубыдэ зэман. **5**. Жьажьэ, щхьэхынэ. **7**. Занщlэу зэкlэлъыкlуэу гъэмахуэ жэщ никъуэм деж къуэкlыпlэ лъэныкъуэмкlэ щыблэ вагъуищ. **10**. Псы къызыдэж къуэ, бгы зэхуаку, псыхъуэ. **11**. Щlыlу. **13**. Къубгъаным ещхьу, ауэ быдз имыlэу нэхъ ину щlа, нэхъыбэм гъуаплъэм къыхэщlыкlа псылъэшхуэ. **14**. Адыгэ цlыхубз фащэм щыщ, бгъэм lуалъхьэ, бостей зэгуэхам къыдэщу. **15**. Ппэмыжыжьэу щыс, щыпсэу. **17**. Чы псыгъуэхэм къыхэщlыкlа, хьэпшып, шхын гъущэ, гъавэхэкl зралъхьэ кумбыгъэ.

*Зэхэзылъхьар* **БИЦУ Жаннэщ**.



***Жэпуэгъуэм и 19-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***Екlуэкlыу:*** **1**. Гыныху. **4**. Бо. **5**. Щэ. **6**. Пщlий. **8**. Кlэщт. **11**. Уэлбанэ. **12**. Хьэлэ. **14**. Елэн. **17**. Егъу. **18**. Гъэ. **19**. Пыпхэ.

***Къехыу:*** **1**. Гори. **2**. Нэд. **3**. Хущхъуэ. **7**. Щlыунэ. **9**. Щхьэкlуэ. **10**. Ибэ. **13**. Лэгъуп. **15**. Лыгъэ. **16**. Жэп.

**● Тхыгъэ кlэщlхэр**

## Зэкlэрыкlыркъым

А тlур зэи зэкlэрыкlыркъым. Зыр здэщыlэм адрейри щыбгъуэтынущ. Зэныбжьэгъу пэжщ ахэр. Куэд щlауэ къызэдежьауэ къогъуэгурыкlуэ Узотрэ Къызэтрэ. Зыгуэрым и lуэху мыщlагъуэмэ, Узот занщlэу нос, доlэпыкъу. Ар хуабжьу хьэтырыфlэщ. Лъэкl псори ищlэнущ Къызэт щхьэкlэ. Къызэти ар игъэщlэхъуркъым. Абы фlыуэ ещlэ, Узот щымыlэмэ, езы Къызэти зэрыщымыlэнур.

## Зыщытхъун хуейр

Номин гуэрым иlэт зи шэгъуэ хъуа пхъуитl. Зэгуэрым абыхэм псэлъыхъу зыбжанэ къахуэкlуат. Номиныр и зы пхъум хуабжьу щытхъурт: абы нэхърэ нэхъыфl, нэхъ дахэ щымыlэу жиlэрт. Адрейр къыфlэlуэхутэкъым. Ар игъэщlэгъуащ номиным и цlыхугъэ гуэрым икlи абы бгъэдыхьэри щэхуу еупщlащ: «Уа, мыр дауэ? Мо уипхъу нэхъ дахэм ущымытхъуу, мыдрейм щытхъупсыр къыбогъэжэх...»

Абы дежкlэ зригъэзэкlри номиным жиlащ: «Уей, зи уз кlуэдын! Дахэр псоми ялъагъу, ар ямышэнкlэ сышынэркъым. Мыдахэр ущытхъууи пхуашарэт».

**КЪАГЪЫРМЭС Борис**.

# ЦIыхубэр уэрэдкIэ зыгъэгуфIэ

● Щэнхабзэ

**Ди щIыналъэми нэгъуэщI щIыпIэхэми фIыуэ щалъэгъуа уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ, Ингуш, Осетие Ипщэ республикэхэм я цIыхубэ артисткэ Сокъур Ольгэ иджыблагъэ къыратащ «Абхъаз Республикэм щIыхь зиIэ и артисткэ» цIэ лъапIэр.**



АБХЪАЗ Республикэм и Сыхъум къалэм жэпуэгъуэ мазэм щекIуэкIащ «Гъунапкъэ зимыIэ зэныбжьэгъугъэ» зыфIаща, уэрэджыIакIуэхэм я X фестивалыр. Абы зэхуишэсат Кавказым, СНГ-м хэт къэралхэм я уэрэджыIакIуэхэр, къэфакIуэхэр. Зэхыхьэм Сокъур Ольгэ ирагъэблэгъащ икIи щагъэлъэпIащ.

- Зэныбжьэгъугъэ зэхыхьэр гуапэу, хуабэу, абы хэтахэм пщIэрэ нэмысрэ зэхуащIу екIуэкIащ. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ абхъазхэр екIуу къызэрытIущIар, гукъинэжуи дызэрагъэхьэщIар. Бысымхэм зыщыдагъэплъыхьа я щIыпIэ дахэхэр (Рицэ гуэлыр, я жыг хадэр, Пицундэ, Гагрэ къалэхэр) гукъинэж тщыхъуащ. Апхуэдэ зэIущIэхэр мамырыгъэм и дамыгъэщ, Урысейм, дуней псом щыпсэу лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр нэхъри ягъэбыдэ. Фестивалым уэрэд щыжысIащ абхъазыбзэкIи адыгэбзэкIи, - жеIэ Ольгэ. - Абхъаз Республикэм и Iэтащхьэ Бжание Аслъэн фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейщ, си лэжьыгъэм и пщIэр лъагэу къилъытэу щIыхьыцIэ къызэрысхуигъэфэщам папщIэ. Апхуэдэу сыхуэарэзыщ Абхъаз Республикэм Щэнхабзэмрэ щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэнымкIэ и министерствэм цIыхубэ творчествэмкIэ и щIыналъэ центрым и унафэщI, «Гъунапкъэ зимыIэ зэныбжьэгъугъэ» фестивалыр зи жэрдэм Кварчие Нури, Дунейпсо Арткомитетым и унафэщIым и къуэдзэ, Дунейпсо Арткомитетым Кавказ Ищхъэрэм щиIэ къудамэм и унафэщI Бейтыгъуэн Iэуес. Си гуапэщ дяпэкIи си уэрэдхэмкIэ цIыхухэм я гукъыдэжыр къэсIэтыну, къызэдаIуэ нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми узыншагъэ яIэну!

Ольгэ гукъинэж щыхъуащ Бейтыгъуэн Iэуес 90 гъэхэм и пэщIэдзэхэм иригъэкIуэкIа, Сыхъум къалэм и лIыкIуэхэри зыхэта «Мыужьыхыж жьэгу» япэ дунейпсо адыгэ щэнхабзэ фестивалыр. Абы лъандэрэ пащэ абхъазхэмрэ адыгэхэмрэ я зэпыщIэныгъэмрэ зэкIэлъыкIуэнымрэ.

- Зи псалъэхэр мыхьэнэншэ, пкъы зыщIэмыт уэрэдхэм дрихьэлIэми, щыIэщ ущедаIуэкIэ дамэ къыптезыгъакIэ, псэ зыхалъхьа уэрэдхэр, - жеIэ Ольгэ. - Мурад сиIэщ цIыхубэм ягу дыхьа пасэрей адыгэ уэрэдыжьхэр оранжировкэ сщIыну, я лъабжьэр, я пкъыр къэзгъэнэжу езгъэфIэкIуэну. Абыхэм мыгувэу фезгъэдэIуэнущ. Ахэр альбомуи къыдэзгъэкIыжыну си хъуэпсапIэщ.

- Насып жыхуаIэр щхьэж къызэрыгурыIуэщ. Къандур Мухьэдинрэ Бэлагъы Любэрэ зэдатха «Си яужь дыдэ лъагъуныгъэ» уэрэдым ущрохьэлIэ «Си гъащIэ, си псэ, си дуней, насыпкIэ сыкъыбогъэгугъэ» псалъэхэм. А псалъэхэр къыбжезыIэфын уиIэмэ, ар насыпу къызолъытэ. Апхуэдиз цIыхум сахэтми, гъащIэ гъусэ схуэхъун цIыху Тхьэшхуэм къысхуигъэфэщакъым. ИтIани, насыпыр езыр-езыру къоуэлIэнукъым, къару епхьэлIэн хуейщ насыпыфIэу зыкъэплъытэжыным. Уи нэхъыжьхэр, нэхъыщIэхэр узыншэмэ, къыбдалъхуахэр щыпсэу пщIантIэм угуфIэу, угушхуэу удыхьэмэ, фIыуэ плъагъухэм я макъ щабэр пэшым къыщIэIукIмэ - ари насыпщ, - жеIэ Ольгэ.

УэрэджыIакIуэм и насып къигъэхъуапIэр и адэ-анэр, и дэлъхур, и шыпхъур, ипхъу Чэгъэду Залинэрэ и малъхъэ Фиалэ Паволрэ къащIэхъуа Эмилирэ Дариусрэщ. Ди гуапэщ абыхэм я гуфIэгъуэ куэд илъагъуну.

Сокъурым щэнхабзэм, макъамэ гъуазджэм хэлъхьэныгъэфIхэр хуещI, гум дыхьэ уэрэдхэмкIэ дегъэгуфIэ. Хэт ищIэрэ, цIыхухэм псэхугъуэ, гукъыдэж, дэрэжэгъуэ яритыныр арагъэнщ Ольгэ къызыхуигъэщIари...

Ольгэ къумыкъубзэкIэ, осетиныбзэкIэ, хьэрыпыбзэкIэ, тыркубзэкIэ, абазэбзэкIэ, нэгъуэщI бзэ куэдкIи уэрэд жеIэ. Абы къэрал куэдым концерт щитащ. Ар зи фIыщIэу къилъытэр Бейтыгъуэн Iэуесщ. Ольгэ ирагъэблэгъащ Сирием, Иорданием, Тыркум, Франджым, Германием, Италием, Грецием, Иракым, Чехием, Словакием, Нью-Йорк, Нью-Джерси, Израилым и Рихьэние адыгэ къуажэм, ди лъэпкъэгъухэр щыпсэу нэгъуэщI щIыналъэ куэдым щекIуэкIа щэнхабзэ зэхыхьэхэм, фестиваль-зэпеуэхэм, гъэлъэгъуэныгъэхэм.

Ольгэ гуапэ дыдэ щыхъуащ а щIыналъэхэм куэду щыпсэу ди лъэпкъэгъу мин тIощI бжыгъэхэр екIуу къызэрыIущIар, адыгэ уэрэдыжьхэм нобэр къыздэсым пщIэ ин зэрыхуащIыр, къызыхэкIар зэращымыгъупщэр, я щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэр, хабзэр, бзэр щIэблэм зэрырагъащIэр.

ЦIыхухэр зи гуащIэм дихьэх, зи уэрэдхэр зэIэпах бзылъхугъэм макъамэм щиIэ зэфIэкIым хегъахъуэ икIи и лэжьыгъэкIэ зэрызиузэщIым щэнхабзэм и утыку итым дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Ольгэ и дуней тетыкIэри дахэщ. И лэжьэгъухэми къэзыцIыхухэми ар фIыуэ къалъагъу, гушыIэ дахэ зэрыхэлъым, зэрыцIыху гуапэм папщIэ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**



# НыбжьыщIэ пэрытхэм я деж

**КъБР-м и Парламентым и депутат, «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм республикэм щиIэ и къудамэм и унафэщI Шыпш Аслъэн, абы и къуэдзэ Зэбакъ Азэмэт, «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм» и Дзэлыкъуэ къудамэм и унафэщI Мамсыр Руслан сымэ щыIащ Къармэхьэблэ курыт еджапIэ №2-м. ХьэщIэхэм еджакIуэхэр щагъэгъуэзащ зэгухьэныгъэм и пщалъэхэм, и мыхьэнэм, зэрызиубгъум. Нэхъыщхьэу абы хэлъыр ныбжьыщIэхэр фIымрэ Iеймрэ зэхагъэкIыфу, пэжым тету, я гупсысэ къаIуэтэфу, я щIэныгъэр къагъэсэбэпу гъэсэнырщ, жылагъуэ Iуэхум къыхэшэнырщ. Къармэхьэблэдэс ныбжьыщIэхэр а Iуэхугъуэхэм хъарзынэу хэтщ, я гупсысэкIи я щэнкIи зэрызаужьыр нэрылъагъущ.**

КЛАСС нэхъыжьхэм щеджэ «пэрытхэм» Шыпш Аслъэн епсэлъащ IэщIагъэу къыхахынум, адэкIи жылагъуэ Iуэхухэм зэрыпащэнум, нэхъ къайхъулIэхэмрэ дэзыхьэххэмрэ ятеухуа чэнджэщхэри яритащ. А псом ехьэлIауэ ныбжьыщIэхэр зыщIэупщIам Шыпшыр пэджэжащ.

Аслъэн еджакIуэхэм яжриIащ IэщIагъэ къыщыхахкIэ я гум Iэпихым къытеувыIэну, я хъуэпсапIэхэм емыпцIыжыну. Сыту жыпIэмэ, IэщIагъэм гурыфIыгъуэ къущитыфынур ар гурэ псэкIэ къыхэпхамэщ.

- Мыхьэнэшхуэ иIэщ пэрыт ныбжьыщIэхэм упщIэжэгъуящIым. ФIыщIэ хузощI фи еджапIэм и пэрытхэр зи нэIэ щIэт Бей Лианэ. Ар мы лэжьыгъэм жыджэру хэтщ, жэуаплыныгъэ зэрыхэлъым гу лъыботэ. Дэтхэнэ сабийми бгъэдыхьэкIэ гуапэ къыхуегъуэт, и гъэсэнхэр егъэгушхуэ, еджэнми щIрегъэкъузэ, - жиIащ абы зэгухьэныгъэм еджапIэм щиIэ къудамэр зи нэIэ щIэтым хуэгъэзауэ.

- Ди сабийхэм къахуэфщIа гулъытэм, зэхевгъэха Iущыгъэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ! Си гугъэщ я гъащIэ гъуэгур зэтеубла зэрыхъунур куэдкIэ зэлъыта Iуэхугъуэм - IэщIагъэу къыхэхынум - теухуауэ нобэ къажефIахэр къахуэщхьэпэну, - яжриIащ хьэщIэхэм Лианэ.

**МАФIЭДЗ Данэ.**

# ЩIалэгъуалэм я театрым и ехъулIэныгъэ

**КъБКъУ-м и «Занавес» театрым зыкъыщигъэлъэгъуэнущ Москва щекIуэкIыну «КъэкIуэнум и цIыхухэр» («Поколение будущего») фестивалым. Ар ирагъэкIуэкI «Хэкум и тхыдэ» фондымрэ тхыдэмкIэ урысей зэгухьэныгъэмрэ, УФ-м ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэ нэхъыщхьэмкIэ и министерствэр и дэIэпыкъуэгъуу.**

НЭХЪАПЭIУЭКIЭ студент театрым текIуэныгъэ къыщихьащ а фестивалым хэту екIуэкIа «ЩIэныгъэр - къэралми дунейми» («Наука - стране и миру») урысейпсо зэпеуэм Ставрополь дэт Кавказ Ищхъэрэ къэрал университетым щекIуэкIа и щIыналъэ Iыхьэм. Урысейм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм я театр 20-м зыкъыщагъэлъэгъуащ абы.

IэщIагъэ зыхуеджэкIэ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ емыпхами, щIалэгъуалэм екIуу утыку къырахьащ драмэ, литературэ-макъамэ теплъэгъуэхэр.

«Занавес» театр гупым игъэуващ Искалиевэ Гульнарэ и пьесэм къытращIыкIа «Экзамен гугъу» спектаклыр. Абы къыщыгъэлъэгъуащ балигъыпIэ иувэхэм я хьэл-щэнхэр, нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ я зэхущытыкIэмрэ абыхэм я зэхуаку къыдэхъуэ зэгурымыIуэныгъэмрэ, щIэблэм зызэрагъэунэхужыр.

**ГЪУЭТ Синэ.**



Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ШИРДИЙ Маринэ

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1466 Заказыр №2310

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А